Purwacarita respati,
kasigeg ing nagari,
Purwacarita karuhun,
karya ganti carita,
kocapa Sri Narapati,
Pramudita ratu agung binathara.
52. Ratu ambeg pinandhita,
sakalangkung guna sakti,
asidik paningalira,
sarta palamarta adil,
asih marang wadya lit,
sinembah samaning ratu,
kathah ratu geng samya,
suwita nguswa pada ji,
saking jrihnya dhateng alatireng nata.
53. Samana ing ari soma,
sang nata miyos tinangkil,
lenggah meru patma sana,
rukmi pinatik sotya di,
neng madyaning pandhapi,
sinewa kang para ratu,
ageng ananca praja,
Sri Mahitala sang aji,
mungging ngarsa lenggah jajar lan sang nata.
54. Anala ratu sujana,
kakatrinira sri bupati,
Sindugangga bijaksana.
caturnya Sri Narapati,
Prabancana undhagi,
kinasihani ing sang prabu,

Pramusisa samana,
aris pangandikaneki,
eh narpati catur ingsun asung warta.

55. Ing mengko ana narendra,
jajuluk Sri Narapati,
Sri Gandana prajanira,
Garbasumandhana nagari,
teka arsa ngadegi,
sayembaraning putrensun.
samengko uwis ana,
sajabaning praja mami,
karya pura kareka kadhatonira.
56. Nuli ana maneh raja.
katri kadange nututi,
marang Prabu Sri Gandana,
sumeja angrebut jurit,
ananging ratu katri,
sakadange ambek diyu,
kang dhingin mau jalma,
ambek rahayu basuki,
neng prajane mungging tukar rebut karsa.
57. Wong sajuga kabut iga,
mengko arsa dentemeni,
karya jalaran nggonira,
ngadeggi sayembareki,
jatine amung nyilih,
papan nggone aprang pupuh,
ing mengko karsaningwang,
Prabancana ingsun tuding,
ngupayaa papan kang luwih prayoga.
58. Nuli sira resikana,
gawenen papaning jurit,
karya ngadu prang tandhingan,
ratu catur ingkang prapti,
sayembaraning putri,

singa ungguling prang pupuh,
rabi putri lan dadya,
prabu anom anyakrawati,
lamun mundur kabutiga tanpa guna.

DURMA

1. Prabu Prabancana umatur sandika,
sigra mentar sing ngarsi,
prapteng wana wasa,
datan dangu amanggya,
papan langkung wiyar radin,
Sri Prabancana,
tiwikrama mbabadi.
2. Sagung wreksa geng ageng sirnakala,
bersih lir densaponi,
dalah rumputira,
samendhang datan ana,
dahat aresik gumrining,
sinungan aran,
Tirwiyah amantesi.
3. Pan kaprenah sawetan pakuwonira,
Sri Gandana Nrepati,
Sang Prabu Maruta,
wangwang atur uninga,
pabaratan sampun dadi,
Sri Pramusisa,
ngandika mring sang aji.
4. Prabancana ingutus kinen methukna,
marang dhatengireki,
katrinya narendra,
Prabu Kalacingkara,
sakadangira denaglis,
kaprenahena,
pakuwonira katri.
5. Kadunungna sawetaning rananggana,

ing kono kinon kardi,
pakuwon dentata,
aywa rusuh deksura,
ngantia parentah mami,
Raja Maruta,
sandika mentar aglis.

6. Tan kawarna lampahnya sang nata,
Prabancana wus panggih,
lawan katri raja,
Cingkara aneng marga,
dhawahken pangandika ji,
samudayanya,
sandika raja katri.
7. Sigra mentar Prabancana aglis prapta,
ngabyantaraning gusti,
ngaturken solahnya,
ingutus sung parentah,
dhumateng nrepati katri,
matur sandika,
wau Sri Narapati.
8. Pramusisa aris pangandikanira,
marang Prabancana ji,
winangsit karsanya,
sakalir wus pracaya,
Raja Maruta wus tampi,
dhawuhing nata,
kadhadha sadayeki.
9. Sigeg gantya Raja Cingkara lampahnya,
prapta jawining nagri,
njujug wetanira,
Tarwiyah karya pura,
tan cinatur denny kardi,
kadhaton dadya,
sadaya sarwa wesi.
10. Inkgang rayi kalih samya karya pura,

sang Kalakama kardi,
kadhaton tembaga,
Kalalocana karya,
kadhaton kuningan adi,
gancanging kandha,
katri dadya praja di.

11. Langkung arja tanpa wilis wadyanira,
bacingah warni katri,
ambek puwa-puwa,
adigung adiguna,
kasigeg gantya kawarni,
pakuwonira,
Sri Gandana Nrepati.
12. Nuju ari soma sang nata siwaka,
miyos mungging sitinggil,
lenggah dhampar denta,
pinatik nawa retna,
kasuran baludru abrit,
tinon saingga,
Hyang Indra surana di.
13. Kyana patih sumewa ngabyantarendra,
wurinya pra bupati,
pra mantri punggawa,
supenuh mungging ngarsa,
sang nata ngandika aris,
eh patih apa,
sira miyarsi warti.
14. Maha raja kalana sakadangira,
nututi laku mami,
sumedya mrawasa,
maringsun murih sirna,
laire arsa ngadegi,
sayembaranya,
sang raja putri kalih.
15. Kyana patih wot sari lon aturira,

leres pangandika ji,
makaten karsanya,
Kalacingkara Raja,
sampun lami dennyngingcih,
dhateng paduka,
tan lega tyasnya aji.

16. Lamun dereng paduka ngestu padanya,
miturut karsaneki,
sawadya paduka,
samyah srah jiwa raga,
Sri Gandana ngandika ris,
yeh ingsun patya,
manut angur ngemasi.
17. Patih kalih awot sari sareng turnya,
dhuh Gusthi Sri Bupati,
kawula prasetya,
yeh karehna sang nata,
Gandarwa lampu ngemasi,
sagung punggawa,
saur kukila sami.
18. Dereng dugi ngandikanira sang nata,
kasaru praptaneki,
sang Prabu Maruta,
dumrojog mungging ngarsa,
singaksa gung ingkang nangkil,
Prabu Sri Gandana,
panapanira aris.
19. Lah bageya satekanta ngarsaningwang,
ingsun manilakrami,
sapa aranira,
lan ngendi pinangkanta,
apa krayanira prapti,
neng ngarsaningwang,
baya gati ing kardi.
20. Sri Bupati Prabancana ris kang sabda,

sira tambah mring mami,
wruhanta sang nata,
ingsun Raja Maruta,
Prabancana aran mami,
de prajaningwang,
aran ing Garbasuci.

21. Lah pagene sira datan wruh maringwang,
ingsun wruh ing sireki,
wruhanta sang nata,
ingsun sadulurira,
kabener tuwa pribadi,
dene kadangta,
catur padha nrepati.
22. Ingkang werda Priyangga jeneng manira,
panggulu Anala ji
pandhadha Arjuna,
Pamekas Mahitala,
catur kumpul dadi siji,
purwane ana,
lingganira puniki.
23. Sri Gandana arum wijilireng sabda,
ulun nuwun aksami,
dening katambetan,
ulun adarbe kadang,
Prabancana ngandika ris,
eh yayi nata,
ingsun ingutus gusti.
24. Dhawuhake pangandika marang sira,
bab tekanira iki,
Jeng Gusti wus pirsu,
saka jat pakenira,
samengko karsaning gusti,
sira kinarya,
caritaning dumadi.
25. Karya lakon supadya dadi tuladha,

lepiyan wuri-wuri,
marang sagung jalma,
supaya ngawruhana,
sagung laku ala becik,
begja cilaka,
sangka diri pribadi.

26. Apa sira nanggupi ingadu yuda,
lawan Cingkara aji,
tandhing kabutiga,
Cingkara sakadangnya,
yen sira unggul jurit,
amesthi sira,
nduweni putri kalih.
27. Ingkang nama kusuma yu Talirasa,
lan Retna Kilicusi,
mengkoni ing ngendra,
buwana ngreh narendra,
katri siniweng apsari,
iku minangka,
tandha sampurneng dhiri.
28. Sri Bupati Gandana Raja aturnya,
sandika aben tandhing,
lan Raja Gandarwa,
sakadangira tiga,
nadyan linaa prang sahit,
raja manuta,
sukeng tyas sigra pamit.
29. Arsa panggih kalawan Gandarwa Raja,
sigra mesat tan keksi,
Sri Gandana Raja,
sapengkernya sang nata,
Prabancana ngandika ris,
dhawuh mring patya,
patih undhanga nuli.
30. Marang sagung bupati mantri punggawa,

sarta para prajurit,
den pada sanengga,
sagegamaning yuda,
ingaprang aja gumingsir,
amungsuh ditya,
patine antuk sahit.

31. Kyana patih sandika ingaturira,
jengkar Sri Narapati,
malbeng kenya pura,
kya patih kawuwusa,
sinewa para bupati,
mantri punggawa,
prajurit andhar ngarsi.
32. Kyana patih aris wijilireng sabda,
heh sagung kanca mami,
dhawuhireng nata,
saguning wadya bala,
den padha santoseng jurit,
aywa ngusira,
mbenjang tempuhing jurit.
33. Mungsuhi raseksa gung agung sura,
sarta karoban tandhing,
ananging yen sira,
panggah datan ngucira,
kaya-kaya tan kalindhil,
sagung punggawa,
saur kukila sami.
34. Tan sumedya gumingsir tandhing wil sura,
nadyan tumeking pati,
antuk kautaman,
nglabuhi karya nata,
gya jengkar kyana patih,
sagung punggawa,
samy a bibar tinangkil.
35. Sigeg nengna pakuwonira sang nata,

Sri Gandana Nrepati,
sarenganing mangsa,
karya ganti carita,
pakuwonira sangaji,
Gandarwa Raja,
Cingkara kang kawarni.

36. Nuju ari soma sang nata siwaka,
kadang duwi sumiwi,
tan tebih lenggahnya,
ajajar mungging ngarsa,
papatih katri sumiwi,
neng pagelaran,
lawan sagung bupati.
37. Ambelabar panewu mantri punggawa,
tanapi kang prajurit,
mungging puri patya,
pangulu pra ngulama,
mungging kananira patih,
sagung punggawa,
busana warna katri.
38. Sri Bupati Cingkarabala ngandika,
dhateng kang rayi kalih,
heh yayi karonya,
iki wus sawatara,
paran wartane ing jawi,
kang rayi turnya,
ulun miyarsa warti.
39. Jeng paduka badhe ingaben ayuda,
kalih Sri Gandana ji,
tandhing yuda brata,
sinten ingkang unggula,
tampi ganjaran sang putri,
sarta sinewa,
sagupara apsari.
40. Kathahira sasra akirang sajuga,

pangarsanipun katri,
sajuga anama,
Dewi Nirciptaboga,
dwi Dewi Nirciptaresmi,
katrinya wasta,
nir Ciptasupta dewi.

41. Prabu Kalacingkarabala duk myarsa,
aturing ari kalih,
Prabu Kalakarna,
kalih Kalalocana,
dahat sukanireng galih,
marwata suta,
gumujeng sri bupati.
42. Anyukakak sarta ngentrog wentisira,
ngandika dhateng ari,
adhuh ariningwang,
begja lamun mangkana,
putri telu angijeni,
pasthi yen sira,
kang duwe lawan mami.
43. Nora wurung kasore Gandana Raja,
wus kagem ngasta mami,
kang rayi aturnya,
leres dhawuh paduka,
pol pinecok saupami.
raja manungsa,
nadyan balunga wesi.
44. Otot kawat kulita tembaga tala,
sungsuma waja sari,
tan wurung kasomya,
wau Sri Kalakarna,
angandika dereng dugi,
kasaru raja,
Maruta prapteng ngarsi.
45. Dumarojok jumeneng neng ngarsanira,

- sang raja ari kalih,
Gandarwa ris nabda,
bageya satekanta,
aneng ngabyantara mami,
Raja Maruta,
nauri sabda manis.
46. Iya ingsun tarima bagenira,
wruhanira sang aji,
praptaningsun ana,
ngarsanira dinuta,
ing gusti Sri Narapati,
kinon dhawuhna,
marang sira sang aji.
47. Bab prakara sayembarane sang retina,
iku ketemu mburi,
mengko karsanira,
Gusti Kang Maha Mulya,
sayembara aprang tandhing,
lawan sang nata,
Sri Gandana Nrepati.
48. Lamun sira nanggupi ayuda brata,
lawan Sri Gandana ji,
nuli metonona,
marang ing ara-ara,
Tarwiyah sira den aglis,
sakadangira,
aja rusuh ing jurit.
49. Sri Bupati Gandarwa Raja miyarsa,
dhawuhira sang aji,
langkung sukanira,
apetak siya-siya,
anabda teka bur kibir,
lamun mangkana,
wuwuha ratu maning.
50. Lebih suka kalukita ingadu prang,

janan sobat kuwatir,
besuk pagi saya,
kaluwar dhi paprangan,
tempat orang beklahi,
Raja Maruta,
gya manter saking ngarsi.

51. Sri Narendra Gandarwa sigra parentah,
dhateng kang rayi kalih,
lah yayi deninggal,
parentaha akarya.
pakuwon ingkang respati,
neng ara-ara,
Tarwiyah ingkang pinggir.
52. Wetan aja kuciwa ing rakitira.
sandika ari kalih,
Prabu Kalakarna,
kalih Kalalocana,
sigra denira nimbali,
katri papatya,
tan dangu prapteng ngarsi.
53. Prabu Kalakarna sru kang pangandika,
heh bapa patih katri,
sira parentaha.
marang sagung punggawa,
karyaa pakuwon jurit,
neng ara-ara,
Tarwiyah dipunaglis.
54. Akarya aneng pinggir wetan madhepa.
mangulon kang respati,
kaempera pura.
katri patih sandika,
gya jengkar nrepati kalih,
patih parentah,
marang sagung bupati.
55. Sarawersa Kalanggongwong lan Pergongsa.

bau suku pulisi,
wau pra punggawa,
Kalanggowang anulya,
tumandang anambut kardi,
karya wangunan,
kareka kadya puri.

56. Tan kawarna solahnya kang nambut karya,
pakuwon sampun dadi,
pelak kadya pura,
lasar wasis akarya,
wadana kalang undhagi,
sigra utusan,
atur uningeng patih.
57. Kyana patih wangwang denya tur uninga,
dhateng Sri Narapati,
parereman dadya,
bagusing gapura,
wiwara katundha katri,
dene kuwunya,
bupati angubengi.
58. Kuwu nata kinubeng para dipatya,
suka Sri Narapati,
karsa bidhal nulya,
saguning wadyabala,
saweneh wadya rumiyin,
wau sang nata,
bidhal sahari kalih.
59. Lampahira ingedu datan winarna,
pakuwon sampun prapti,
malbeng kenya pura,
busekan pra bupatiya,
arebat wisma prasami,
sawusnya tata,
sigeg gantya kawarni.
60. Kawuwusa Sang Prabu Gandana Raja,

ari soma tinangkil,
sinewaing wadya,
kyana patih neng ngarsa,
ngandika Sri Narapati,
heh patih sira,
apa wus myarsa warti.

61. Raja Kyana Cingkara sakadangira,
karya pakuwon mungging,
tepinging rahara,
Tarwiyah sing gapura,
kyana patih awot sari,
alon aturnya,
pukulun sri bupati.
62. Ulun sampun utusan niti pariksa,
matitisaken warti,
kawula angantya,
mantri ingkang mariksa,
aturira dereng dugi,
saka ruduta,
prapta ngarsa wot sari.
63. Sigra matur ing purwa madya wusana,
anukma mengsah kardi,
wus katur sadaya,
sasolah tingkahira,
miwiti malah meksi,
katuring patya,
estu Sri Narapati.
64. Sri Cingkara sampun makuwon Tarwiyah,
arsa umagut jurit,
mring paduka nata,
sampun angrakit wadya,
Sri Bupati duk miyarsi,
kalangkung duka,
jaja lir wora-wari.
65. Sumung-sumung wadana bang angutirah,

kumedut ingkang lathi,
andik tingalira,
asru wijiling sabda,
heh patih karya anuli,
kuwu kulonnya,
Tarwiyah dipunaglis.

66. Kyana patya wot sari matur sandika,
jengkar Sri Narapati,
kyana patih sigra,
dhawuh karya wangunan,
ginelak tan dangu dadi,
ingkang wangunan,
atur uningeng aji.
67. Sri Gandana Raja gya ngrasuk busana,
kapraboning ajurit,
angagem makutha,
mangking nyothek curiga,
miyos mungging pancaniti,
patih neng ngarsa,
ngandika Sri Bupati.
68. Lah ta patih inggal nuli ngundhangana,
marang sagung bupati,
lan mantri punggawa,
pangulu pra ngulama,
sira pundhuta tumuli,
bendhe pusaka,
Kyai Slemet denaglis.
69. Kyana patya lampahira sigra-sigra,
tan dangu prapteng ngarsi,
tur sembaha patya,
mbekta bendhe pusaka,
ngandika Sri Narapati,
patih undhangna,
mring sagung wadya mami.
70. Pra dipati tumenggung mantri punggawa,

- tanapi pra prajurit,
pangulu ngulama,
sunarsa mapak yuda,
marang Tarwiyah saiki,
kya patih sigra,
dhawuh dhateng bupati.
71. Pra bupati sigra nata balanira,
sagung mantri prajurit,
wus samya samekta,
sagegamaning yuda,
kya patih nembang tumuli,
bendhe pusaka,
Kya Slemet kang nami.
72. Munnya umyang tengaranireng ngayuda,
bendhe kendhang gong beri,
gong maguru gangsa,
teteg kadya butula,
awor pangriking kudesthi,
kapyarseng wiyat,
pra dewa aningali.
73. Ngudanaken rum-arum saking ngawiyat,
sagung kang sari-sari,
burat gandawida,
larasetu cendhana,
ngastuti kang puji-puji,
unggula ing prang,
kasihira Hyang Widi.
74. Wangwang bidhal Sri Maha Gandana Raja,
lan sagung pra dipati,
kang dadya pangarsa,
kya patih Surasastra,
nitih dipangga ngajrihi,
angirit bala,
ingayap para mantri.
75. Kang sumambung senapati ing ayuda,

Dipati Surengtulis,
anitih aldaka,
singatira kancana,
sembada lawan kang nitih,
angirit bala,
prajurit tanpa wilis.

76. Kang nambungi sagungnya para bupatiya,
ingayap para mantri,
satelasnya para,
bupati lan punggawa,
ing wuri Jeng Sri Bupati,
anitih rata,
busana sarwa adi.
77. Ginarebeg para pangulu ngulama,
tanapi ketip modin,
sapanengkarira,
busana warna-warna,
ginelak lampahing baris,
tan kawarnaa,
ingenu sampun prapti.
78. Parereman Tarwiyah ing ara-ara,
kareka kadya puri,
langkung pelakira,
wawangunaning pura,
kinubeng para bupati,
mantri punggawa,
pinarnah urut pinggir.
79. Lajeng pacak baris kang para punggawa,
tuwin mantri prajurit,
sang nata sinewa,
lenggah neng tratak rambat,
ingayap para bupati,
rame tabuhan,
wor surakireng jalmi.
80. Surak awor gubar beri mawurahan.

bedhug bendhe tinitir,
karengeng kuwunya,
Narapati Kalana,
geger ingkang wadya alit,
panyananira,
mengsah anukup jurit.

81. Sri Kalana Raja animbali sigra,
kang rayi narpa kalih,
datan dangu prapta,
kang raka sru ngandika,
yayi ngambila tumuli,
bendhe pusaka,
Ki Dhandhangelak denaglis.
82. Prabu Kalakarna lan Kalalocana,
kalihnya malbeng puri,
arsa angambila,
bendhe lawan bandera,
tan dangu prapta ing ngarsi,
sinungken sigra,
mring mantri ngayun gipih.
83. Mantri ngarsa kalih sareng wedalira,
nulya parentah aglis,
kinen atengara,
ambendhe kyana patih,
Kyai Dhandhangelak tinitir,
kapyarseng wadya,
busekan para mantri.
84. Pra bupati sadaya nembang tengara,
kendhang gong lawan beri,
gong maguru gangsa,
busekan wadyabala,
prajurit samya miranti,
astraning yuda,
medala tata baris.
85. Yun-ayunan barising mungsuh lan rewang,

sawang sinawang sami,
sang nata wus lenggah,
mungging tratak wangunan,
pra bupati mungging ngarsi,
samy a gambira,
ngantya dhawuhing gusti.

86. Wus andhedheng arisnya wadya manungsa,
mangetan ajeng neki,
kang wetan raseksa,
mangilen ajengira,
danawa diyu raseksi,
samy a bek sura,
gambuh punggawa mantri.

GAMBUH

1. Sigra amit umagut,
Kalabudi dur amute pupuh,
wis singiden mangsah ditya Kalabudi,
anitih jenggira agung,
prapteng ngrana nguwuh mungsoh.
2. Lah endi andelipun,
ratu jalma metonana pupuh,
papagena yudane si Kalabudi,
ya iki lulurahipun.
kang tinut sagung tyas awon.
3. Lamun kasoran ingsun,
pasthi sagung tyas dur padha nungkul,
wedi giris kekes atine angusir,
suraning budi rahayu.
tan betah myarsa mit miyos.
4. Wus singiden gya magut,
nitih kuda sarta mandhi lawung.
prapteng ngrana wus ayun-ayunan kalih.
Kalabudi tatanya sru.
apa ta sira sang katong.

5. Sri Gandana sang prabu,
anauri tyas ambek rahayu,
ingsun dudu gusti Sri Gandana aji,
ingsun tyas basuki putus,
ingandel marang sang katong.
6. Kalabudi sru muwus,
sarta senggak lah mundura kacung,
tanpa gawe sira mapag yuda mami,
sun eman randha rabimu,
tyas rahayu lingnya alon.
7. Aja anampik mungsuh,
dhasar ingsun tandhingira pupuh,
lah ta apa kang ana ing sira anjing,
Kalabudi dahat bendu,
wangwang ikal lawung gupoh.
8. Gya wardaya rahayu,
ngetap kuda sarta ngikal lawung,
linariyan sura budi cikat nangkis,
gya gebang-ginebang dangu,
suraking wadya gumuroh.
9. Dangu deder apeluk,
kalihira sami kiyatipun,
saha sami wasis nyolahken turanggi,
buwang watang kalihipun,
arame kang yuda karo.
10. Semu sor titihipun,
Surabudi tandangira rusuh,
karepotan yudaneki Surabudi,
Surasebut awas dulu,
nulya amit mring sang katong.
11. Ingiden sigra magut,
Surasebut nitih kuda mamprung,
prapteng ngrana arsa nalabunging jurit,
ngebut kalih kayunipun,
Ki Kalapenginan anon.

12. Amit marang sang prabu,
ditya raja ingidenan sampun,
sigra nitih Bakalesander prapti,
payudan panggya Ki Sebut,
Kalapenginan sru takon.
13. Jalma sapa aranmu,
dene arsa nalabunging pupuh,
murang krama ayuda ayun ngaroni,
Surasebut sru sumaur,
Suratiga paraningong.
14. Balik ta sira pengung,
sapa ranta rupamu lir baung,
sru medeni matamu lir mata anjing,
Kalapenginan sumaur,
Tukangarep paraningong.
15. Ki Sebut ngguyu ngguguk,
sarta nabda ala teka patut,
aran sarta rupa budinira kolik,
matamu iku sing tutur,
tukang ngincih darbekingwong.
16. Ki Kala langkung bendu,
ngayat gada sarta asru muwus,
jangan banyak mulut dan banyak setori,
kauda nanti musti nyadut,
dari pukul kita dondros.
17. Ki Sebut narik dhuwung,
gya ginada katangkising dhuwung,
gada tugel sapaalih binuwang tebih,
Kalapenginan angunus,
pedhangnya sigra tumempoh.
18. Pedhang tinangkis dhuwung,
rame denya aprang kalihipun,
surakira ing wadyabala raseksi,
wadya manungsa gumuruh,
surak winor lan kendhang gong.

19. Kalawirang tutulung,
lawan Kalabondho sarengipun,
prapteng ngrana mantri manungsa udani,
Ki Suraisinan gupuh,
kalih Suralantip gupoh.
20. Kalih wus samya pangguh,
dadya sami kalihnya atempuk,
yun-ayunan aprang tandhing padha siji,
Kalawirang tandhingipun,
Ki Suraisinan tanggon.
21. Gandarwa bodho mungsuh,
lawan Suralantip tandhingipun,
sakalangkung rame denny rebut titih,
deder-dineder acaruk,
suraking bala gumuroh.
22. Semu kasor prangipun,
para mantri manungsa lan diyu,
wus dilalah karsane kang murbeng dhiri,
kasaput latri kang pupuh,
tinetegan mundur karo.
23. Kalihnya samya mundur,
amakuwon ing dalu kawuwus,
abujana lawan sagung pra dipati,
kasukan nutuk sadalu,
karya sukaning punang wong.
24. Enjingira winuwus,
kalih sampun tengara prang pupuh,
mawurahan swaraning kendhang gong beri,
barisa kalangan tepung,
suraking bala gumuroh.
25. Barising rowang mungsuh,
wus atata kalangan atepung,
Sri Narendra sampun lenggah dhampar gadhing,
bupati atap ing ngayun,
wau sang Gandarwa katong.

26. Wus lenggah mungging tarub,
ing kang rayi kalih munggend ngayun,
pra dipati atap wurinya ri kalih,
punggawa kang saos pupuh,
wus mungging ngarsaning katong.
27. Sigra amit umagut,
wil prawira punggawa nung-anung,
wasta Kalajugul ingiden gya mijil,
dharat mandhi gadanipun,
prapteng ngrana nguwuh mungsoh.
28. Lah ta sapa yun lampus,
metonana ing kene den gupuh,
papagena tandangingsun ing ajurit,
pamurunging bangkitingsun,
aywana bangkit ponang wong.
29. Yata tan betah ngrungu,
Arya Sarjana gya amit magut,
wus singiden mangsah dharat mandhi bindhi,
prapteng payudan wus pangguh,
sang Kalajugul sru takon.
30. Heh sapa ranireku,
jalma ing kang peksa sureng pupuh,
kumawani mapag yuda mami,
Sarjana asru sumaur,
iya sarwa wignya ingong.
31. Balik sireku pengung,
sapa ranta dhapurmu lir baung,
panjugukmu kadya wong lanang pribadi,
Kalabodho sru sumaur,
Kalajugul araningong.
32. Ingsun papalangipun,
tyasing jalma arsa lantip kalbu,
lah ta mara apa kang aneng sireki,
Kalajugul ngayap gupuh,
gadanira gya tumempuh.

33. Sinangga astanipun,
gadanira rinebat agupuh,
gada keni gya sinabetaken aglis,
Kalajugul niba kantu,
Ki Candhala prapta gupoh.
34. Punggawa jalma ndulu,
lamun wadya ditya ganti maju,
Arya manis sing ngujar amit miyosi,
wus singiden sigra magut,
prapteng rananggana panggoh.
35. Ayun-ayunan sampun,
sang Candhala lan sang Manis tembung,
sang Candhala sigra angayati bindi,
sabda manis gya pinupuh,
aganti pupuh-pinupoh.
36. Gada kalih nyarempu,
buwang gada narik pedhangipun,
rame denny a pedhang-pinedhang uthik,
langkung rame yudanipun,
adangu tan wonten kasor.
37. Kasliring yudanipun,
Arya Manis ujar sareng pupuh,
Ki Ngabei Alingan nulya anulungi,
kalih Arya Bagus Lurus,
kalih sareng nander gupoh.
38. Punggawa ditya ndulu,
Arya Lalen Dwikiala magut,
prapteng ngrana gya kapanggih sami kalih,
dadya tandhing aprangipun,
Aling tandhing lali kang wong.
39. Ki Ala wus kapanggih,
lawan Arya Bagus tandhingipun,
caruk kuwel prangira punggawa kalih,
uleng prasamya agelut,
kalihira ganti kasor.

40. Kalihnya samya pengkuh,
dugang-dinugang ganti anjagur,
mungsurowang suraknya mawanti-wanti,
ingkang yuda kuwel gelut,
dangu datan wonten kasor.
41. Rehning kawon apangkuh,
para mantri manungsa lan diyu,
kathah kasor yudane punggawa jalmi,
denira prang tandhing wau,
sarta kawon kathahing wong.
42. Jilu tandhingireku,
ping kalihnya kawon tekadipun,
wadya jalma kirang tekading ajurit,
wau ingkang yuda dangu,
kalih dereng wonten kasor.
43. Nulya kasaput dalu,
tinetegan mundur kalihipun,
daluraja rakesa bujana ngenting,
lan sagung punggawanipun,
dahat suka katri katong.
44. Gantya ingkang winuwus,
Sri Gandana bujana ing dalu,
lawan sagung punggawa mantri bupati,
sang prabu ngandika arum,
eh ta patih karsaningong.
45. Sesuk aja angadu,
para mantri punggawa panewu,
tanpa wekas alawas rampunging kardi,
akeh punggawaning mungsurowang,
murih gelising prang pupoh.
46. Sira dhewe lan ingsun,
angawaki dhewe metu pupuh,
anganggaa pasang gelaringsajurit,
Konggapati gelaripun,
garudha nglayang, kinaot.

47. Sandika mantri ngayun,
gya rinakit dalu gelaripun,
kang minangka awaking sri bupati,
pangulu saketipun,
rumeksa wau sang katong.
48. Ingang minangka patuk,
Suratulis senapati pupuh,
sawadyane tuwin sagunging prajurit,
kang minangka sirahipun,
Patih Wignyasastra kaot.
49. Sumantrinya sadarum,
lawan Sura Alingan punika,
kalihira ing sirah dipunenggoni,
Suramarma Ki Tumenggung,
kalih Suraniti manggon.
50. Minangka dadya buntut,
sumantrinya ranga lan panewu,
dene ingkang minangka dadi suwiwi,
panjarat sasabetipun,
ngayuda suwiwi karo.
51. Sagung para tumenggung,
adipati sapanekaripun,
de kang dadya panjawatira ing kering,
catur nayaka gagedhuk,
Sura Alingan sang anom.
52. Kalihira tumenggung,
Suradriyah prawira ing pupuh,
kalihira Sura Andhapasor luwih,
caturira ki tumenggung,
Sura Ngapura atanggon.
53. Panjawat kananipun,
catur bupati prawira punjul,
Ki Dipati Surengmarma ing sasami,
kalihira ki tumenggung,
Surengtuhu ing wiraos.

54. Dene para tumenggung,
anon-anon kaparenca sampun,
ambuwuhi kang samya kaseser jurit,
rembugnya ing dalu sampun,
dadya pra nung-anung sagoh.
55. Enjingira kawuwus,
atengara miyosing prang pupuh,
mawurahan bendhe kendhang gong lan beri,
wor surakireng wadya gung,
krebeting bandera awor.
56. Warna-warna kang tunggul,
lire para bupati sadarum,
mungsuwuh rowang wus samya anata baris,
mbalabar lir samodra gung,
rakiting gelar wus dados.
57. Wau ta duk andulu,
raja ditya akagyating kalbu,
dene mungsuwuhira rakitipun salin,
mawi gelar aprangipun,
garudha nglayang pakewoh.
58. Sakedhap amung njetung,
Sri Narendra sru ngandikanipun,
dhateng ingkang rayi narapati kalih,
yayi prabu kalhipun,
nimbangana ratu mungsoh.
59. Pasanga gelar gupuh,
Kronggapati Grudha Nglayang, iku,
sira roro ingsun pangulu lan ketip,
modin merbot lawan sagung,
ngulama merdikan kang wong.
60. Dadia awakipun,
munggi githok poma dipunbakuh,
kang minangka sirahira si dipati,
Durgagangsa lawan sagung,
mantri punggawa ponang wong.

61. Dene kang dadi patuk,
Kalatrima lan Kaladurgeku,
sakancane ngabei panewu mantri,
kang minangka dadya buntut,
bupati jaksa tri golong.
62. Panjawat kiwa iku,
pra nayaka nembelas kehipun,
Lalijiwa Emankalong Cukeng katri,
catur Kumetcehil iku,
ijir dakdir ladak angkoh.
63. Sapuluhnya kumingsun,
digung ngepak niaya tumenggung,
Ki Pitenah misesa murka ing budi,
ing panjawat kiwa iku,
panjawat tengen kehing wong.
64. Rongpuluh pra tumenggung,
Jail Bakiwit Mutnikil telu,
catur Drengkidroi Ngumandaka tuwin,
Doracara saptanipun,
hastha Karemcidreng sagoh.
65. Geroh sapuluhipun,
gawe-gawe tahanan puniku,
lan Tumenggung Merem mangkolon utawi,
siya-siya rowangipun,
tan welasan ati kalon.
66. Badhigal malihipun,
cunanangan kurang ajar mlincur,
yak-iyakan julalatan rowang neki,
jangkep bupati rongpuluh,
dene tumenggung non-anon.
67. Iku jaga bubuwuh,
anulungi kang repoting pupuh,
wusnya dadi kang rakit gelaring jurit,
ki patih ngabani magut,
wadya gung surak gumuroh.

68. Kadi alun gumulung,
gunging bala raseksa lan diyu,
tempuking prang gandarwa lan jalmi,
datan kena liru mungsuh,
kalangkung rame prang popor.
69. Kang patuk samya patuk,
sirah pangguh samya sirahipun,
buntut samya buntut denira ajurit,
panjawat suwiwi tempuk,
samya suwiwi prang popor.
70. Manungsa aprangipun,
tekat pati datan nedya mundur,
pranging ditya gumulung angilas wani,
tabuhan kendhang gong umung,
binarung surak gumuroh.
71. Rowang kalawan mungsuh,
sareng surak lir prawata rubuh,
krangeng wiyat jawata samya ningali,
angudanken arum-arum,
sari-sari brana abyor.
72. Weh ayem manungseku,
yudanira ingkang dadya buntut,
pra bupati manungsa ngucira giris,
dhadhal ngungsi wurinipun,
ing dhadha utawi githok.
73. Panjawat sareng larut,
Kyana Patih Surasastra ndulu,
sempengkarna dukanya yayah sinipi,
krodha mangkrak sigra ngamuk,
sing katrajang larut bodhol.
74. Awas denira ndulu,
Adipati Kalasasra bendu,
dahat denya krodha sigra mangsah aglis,
prapteng pabaratan pangguh,
nulya mangsah ing palugon.

75. Mangkrak angiwat-ngiwut,
ngowak-ngawik sing katrajang mawut,
bubar-bubar sagunging mantri prajurit,
Patih Surasastra gupuh,
tulung mapagaken gupoh.
76. Ngadhangi ngayunipun,
Adipati Kalasastra dulu,
tatanya sru sapa angadhangi mami,
baya sira arsa lampus,
apasrah jiwa marang ngong.
77. Surasastra sumaur,
sakayunta yen wus takdiringsun,
lina dening sira ingsun tan gumingsir,
balik sira prang lan ingsun,
aja gumingsir den tanggon.
78. Kalasastra sru muwus,
iya singatiwasa ing pupuh,
dhasar sira tandhingingsun ingajurit,
sira yun marsudi sagung,
sakaliring sastra enjoh.
79. Lan wignya tembungnya lus,
iku lamun isih ana kartu,
gedhe cilik lawan isih dhadhu posing,
keplek gimer ngadu sawung,
pasthi sira minggok mrono.
80. Surasastra lingnya rum,
iya singa kang tuwajuh kalbu,
kaya nora mangkono lamun sujalmi,
nadya kobedhunga sewu,
yen eling pasti tan kegoh.
81. Singa kasliring lampus,
Kalasastra ngayat ngadanipun,
Ki Dipati Sarjana sigra anarik,
katganira sareng tempuh,
gada lan curiga awor.

82. Arame puh-pinupuh,
kalihira sami suranipun,
gantya bindi-binindi tan migunani,
buwang bindi kalhipun,
aruket kalih caruk wor.
83. Ruket kuwel agelut,
mungsuw rowang suraknya gumuruh,
kalih dereng wonten kang kasoran titih,
kang yuda kasapuh dalu,
tinetugan mundur karo.
84. Ing dalu sanga prabu,
Kalacingkara bujana nginum,
suka-suka lawan sagung pra dipati,
sang nata ngandika arum,
sesuk yen metu ing pupuh.
85. Cekelen den kapikut,
si Dipati Surasastra iku,
Ki Dipati Kalasastra turnya aris,
benjing yen mijil ing pupuh,
sunsambi mungkur kemawon.

PANGKUR

1. Nengna ingkang manggung suka,
kawuwusa Sri Gandana Sangaji,
bujana lan punggawa gung,
sarta gineming yuda,
dene manggung akasoran yudanipun,
paran wekasane baya,
umatur rekyana patih.
2. Dhuh Gusti Sri Naranata,
benjing enjing kawula ngantep jurit,
lawan kiyai pangulu,
sumedya sabilolah,
ki pangulu sakancanira umatur,

leres ki lurah aturnya,
inggih gusti benjing enjing.

3. Kawula angantep yuda,
tan kawarna ing dalu byarnya enjing,
tengara metu prang pupuh,
mungsuw rowang wus medal,
ki pangulu kang dadya panjawatipun,
Adipati Wignyasastra,
kang mungging patukireki.
4. Ki Tumenggung Suramarma,
sampun rakit gelarireng ngajurit,
ki patya ngabani sampun,
angangkahaken wadya,
mungsuw rowang angabani sareng magut,
asareng tempuhing yuda,
winor surakireng dasih.
5. Wor pangrikireng turangga,
sarta teteg tengaraning jurit,
manungsa kalawan diyu,
tambur bendhe lan gangsa,
tengarani rakseksa kendhang gong bedhug,
gubar beri mawurahan,
kadya belah kang pratiwi.
6. Ki pangulu sigra mangsah,
saha para ngulama ketip modin,
sumahap sareng anempuh,
punggawa ditya panggah,
kuweling prang arame lawung-linawung,
tandange wadya raseksa,
kadya bantheng tawan kanin.
7. Para punggawa gandarwa,
samyang mangsah gumulung golong pipis,
Kalajubriya angamuk,
Kalakibir rowangnya,
katri Kalatekabur sareng angamuk,

- ngisis kang bala manungsa,
tan ana kang mangga pulih.
8. Adipati Surasastra,
duk umiyat wadya manungsa ngisis,
sakalangkung dukanipun,
sarta sru sabdanira,
lah ta sagung para prawira nung-anung,
pagene pada ngucira,
tanpa tekad prangireki.
9. Adipati Surasastra,
mangsah dharat krodha ngawet bek pati,
wadya wil ditya maleduk,
singa kaparak bubar,
Ki Dipati Kalasastra mangsah kiwul,
kapanggih ayun-ayunan,
Surasastra nempuh wani.
10. Kasaliring Ki Kala,
Jiwa keni jinegal kalumah sampun,
jajanya tinunggangan,
ngathang-ngathang sasambat aminta ampun,
Prabu Kalakarna miyat,
lan Prabu Locana aglis.
11. Kalihnya sareng lumalnya,
anulungi Ki Kalajiwa patih,
Surasastra gya sinaut,
githokira sing wuntat,
gya sinendhal dhateng Kalakarna Prabu,
Surasastra kinalihan,
sigra wau Sri Bupati.
12. Sri Gandana tulung sigra,
awas ndhulu sang Kalacingkara ji,
inggal denira tutulung,
kapanggih sami raja,
langkung rame tarik-tinarik adangu,
semu kasor yudanira,
Sri Gandana Narapati.

13. Kasapih Surapingarka,
tinetegan mundur kalih kang jurit,
amakuwon kalihipun,
Sri Cingkara bujana,
kawuwusa Sri Gandana Sanga Prabu,
bujana semu sungkawa,
ngandika dhateng kya patih.
14. lah ta patih kayangapa,
ingayuda agung kasoran titih,
kya patih wod sari matur,
dhuh gusti sri narendra,
kadya paran ing karsa gusti sang mulku,
patikbra sumanggeng karsa,
kawula darmi nglampahi.
15. Sanadyan praṅteng pralaya,
anglampahi karsa Jeng Sri Bupati,
tan nedya gingsir sarambut,
sang prabu ris ngandika,
iya ingsun tarima setyanireku,
nanging sangka karsa ningwang,
sun ngupaya sraya mangkin.
16. Marga ingsun ngrungu swara,
sangka gaib sasmitaning Hyang Widi,
kulon kene ana gunung,
aran ing Rasamala,
kana ana pandhita, agentur laku,
waspada mring dhiri nira,
bisa mati jroning urip.
17. Urip sajroning ngalena,
apeparab Sang Resi Jatiening,
iya sidik iman tuhu
sidik paningalira,
bisa ngraga suksma liru dhirinipun,
sakabatira titiga,
katrinya prawira sekti.

18. Iku arsa sunresaya,
suka lila ingsun dadia cantrik,
janji bisa angrehingsun,
marang gandarwa raja,
sakadange kang gawe pamurung laku,
katrinya angestu pada,
tan ngrencana karsa mami.
19. Sunarsa linggar priyanga,
nglugas raga tan nggawa dasih siji,
sira karia atunggu,
pakuwon ngayumana,
pra bupati aywa na metu ing pupuh,
yen mungsuh metu ing ngrana,
sira kasukana sami.
20. Denanggung asuka-suka,
neng pakuwon dimen aywa katawis,
poma patih denmituhu,
kya patih tur sandika,
Sri Narendra sigra mentar sing kadhatun,
kya patih lan pra dipatya,
bujana kasukan sami.
21. Umung kang tabuh-tabuhan,
kadya datan sungkawa kapiyarsi,
ngantos siyang taksih umyung,
tan medal ing ngayuda,
mengah dadya animbangi datan metu,
ginalih ngasoni wadya,
kang samya kasoring jurit.
22. Kocapa wau sang nata,
Sri Gandana ingkang linggar ing wengi,
tan ana wadya kang weruh,
lampahnya prapteng wana,
kawlas arsa lampahira sanga prabu,
angambah madyaning wana,
bubar sato ing wanadri.

23. Lumayu angungsi ngarga,
tuwin guwa jurang parung tarebis,
nengna kang lagya lelaku,
aneng madyaning wana,
kawuwusa padhepokannya sang wiku,
ing Parbata Samala,
rinarengga langkung asri.
24. Ardi geng pucak arata,
marganira minggah ngubengi wukir,
tan bangkit metu lyanipun,
marga serung kaliwat,
sarta bondhot akathah babayanipun,
agawat kaliwat-liwat,
jalma mara mara mati.
25. Kang arga kalangkung pelak,
ponang marga pujanira sang resi,
teping marga tinurut,
pethetan pala kirna,
ing kang sarwa peni-peni adiluhung,
sedheng mangsa tumaruna,
ngapit kanan kering margi.
26. Arane kang palakirna,
urut marga gurda ing kang miwiti,
sajodho mungging ing ngayun,
nulya ing sanasoka,
wuni gayam elo kepel jajaripun,
kamal kapidhondhong jaran,
nyamplung cemara kenari.
27. Kokosan kecapi kema,
dhuwet dhuku capedhak rubi-rubi,
manggis mandhalika pundhung,
semak duren rambutan,
jeruk jirak sawo pala lawan tanjung,
rambut pelem sriganda,
tiris gadhing anjajari.

28. Karya inggaling carita,
palakarna sakalir amepeki,
kanan kering marga wau,
dene ing nginggilira,
inggang sampun celak padhepokanipun,
sasekaran urut marga,
mungging epot warni-warni.
29. Sakaliring sari ana,
saha sekar kathah kang sarwa adi,
gandanira amrik arum,
mulek luhuring ngarga,
panekungan masjidira tuhu bagus,
rinarengga langkung endah,
neng tengah sagaran alit.
30. Sajawining Yasakembang,
langgar ageng ngajengi rasurambi,
kocapa wau sang wiku,
Jatiening samana,
lenggah mungging madyanira langgar agung,
sabat katri mungging ngarsa,
sang wiku ngandika aris.
31. Eh sakabat resikana,
langgar iku lan gelarana lampit,
garesik gedhe kang alus,
anuli rangkepana,
klasa pasir sarta rangkepana babut,
nuli sebarana kembang,
mengko ana dhayoh prapti.
32. Ratu kekasihing suksma,
nglugas raga amindha pekir miskin,
mengko neng sukuning gunung,
tanpa rowang lampahnya,
lah ta Luwih sira amapaga gupuh,
Ki Luwih wot sari mentar,
gya tumurun saking ngardi.

33. Gantya ingkang kacarita,
lampahira ingkang amindhadar wis,
prapta neng sukuning gunung,
dahat eram tumingal,
de margane sajuga ngubengi gunung,
kanan kering tinanduran,
palakirna amepeki.
34. Wau ingkang mindha sudra,
nulya minggah ing arga nurut margi,
eram denira andulu,
rarengganireng ngarga,
tanna dangu nulya kapethuk lan puthut,
Ki Luwih lon aturira,
kawula ingutus gusti,
35. Amethuk lampah paduka,
ingkang mindha pekir micareng galih,
nyata sidik tingalipun,
sang wiku ing aldaka,
gya nauri inggih sumangga Ki Puthut,
andika lumampah ngarsa,
Ki Luwih umatur aris.
36. Paduka lumampah ngarsa,
ingkang namur laku lingira aris,
sareng kewala lumaku,
nulya kalih sarengan,
tan cinatur ing ngeni pan sampun rawuh,
aneng luhuring aldaka.
sang wiku angawe gipih.
37. Sarta ris panabdanira,
alajua den parek lawan mami,
aywa ngangga welang kalbu,
sang prapta tur sandika,
majeng sarta awot sari ngraup suku,
sang wiku angrangkul jangga,
sarta angandika aris.

38. Lah yayi sira linggiha,
Sri Gandana wot sari nulya linggih,
asila lenggah tumungkul,
ngungun jroning wardaya,
aningali cahyanira sanga wiku,
gumilang kadya baskara,
tan kuwawa mandeng liring.
39. Sang wiku alon ngandika,
lah bageya yayi tekanireki,
lan apa sedyanireku,
sumengka ing aldaka,
nglugas raga ingsun sawang kawlas ayun,
baya ana wadinira,
ngong tingali kawlas asih.
40. Sri Gandana aturira,
dhuh Sang Wiku ulun sumanggeng kapti,
mangsa kilapa sang wiku,
dhateng sakapti amba,
sang bagawan mesem sabdanira arum,
Yayi Prabu mangkana,
tan kena dhingini kapti.
41. Sanadyan ingsun weruha,
kudu nganggo sarana tanya dhingin,
mangkono lakuning ngelmu,
cegah ingaran riya,
Sri Gandana wot sari lon aturipun,
aleres sabda paduka,
pun patik nuwun aksami.
42. Pramila ulun sumengka,
ing aldaka umarek sanga yogi,
margi kasor yuda ulun,
kalih narpati tiga,
Prabu Kalacingkara sakadangipun,
sadaya nayaka amba,
sami kasoraning jurit.

43. Amengsah punggawa ditya,
tandhing ijen tan wonten angundhili,
punapa dene kaebut,
kalih utawi tiga,
mila dahat merang amba ing Hyang Agung,
kawula nuwun ngresaya,
dhateng paduka Sang Yogi.
44. Kawula narimah dadya,
panakawan paduka Sanga Yogi,
wondene paduka wun ulun,
sageda amba mrentah,
dhateng ratu ambek dur katri puniku,
sang wiku mesem ngandika,
yen mangkono sun nyaguhi.
45. Ananging sira sareha,
aneng arga leremna tyasireki,
ilanga hawaning napsu,
nalanta lejarena,
sawatara dina ingsun nuli mudhun,
aja sumelang tyasira,
racuten brangtanireki.

ASMARADANA

1. Laminya datan winarni,
sang nata wonten aldaka,
winulang sagung pangertos,
pratikelireng narendra,
amengku wadyabala,
sagung piwulangireku,
sang wiku sampun kadriya.
2. Sang wiku ngandika aris,
dhateng Prabu Sri Gandana,
lah Yayi Prabu wiyose,
samengko wus mangsanira,
payo mudhun sing arga,

- kaanti marang wadyamu,
sang prabu matur sumangga.
3. Sang nata ngandika malih,
dhateng katri sabatira,
Ki Sugih Singgih Luwihe,
katri padha pradandana,
payo mudhun sing arga,
tutulung kang kasor pupuh,
dahat dennya kawlas arsa.
 4. Sandika sakabat katri,
sang wiku tumedhak sigra,
saking sanggar pamujane,
gya jengkar saking aldaka,
ingiring sabat tiga,
catur lawan sanga prabu,
Sri Gandana pengkerira.
 5. Wus lepas dennya lumaris,
kawuntat kang ponang arga,
sigeg gantya ciniraos,
kocapa pakuwonira,
Sang Prabu Sri Gandana,
salaminira sang prabu,
anilar pakuwonira.
 6. Kang tengga rekyana patih,
saha saguning bupatiya,
dalah mantri panekare,
samanten rekyana patya,
tuwin para punggawa,
samantri panekaripun,
dahat denira sungkawa.
 7. Angarsa-arsa ing gusti,
amargi pakuwonira,
kinepung wakul mungsuhe,
lor kidul kulon lan wetan,
pra sami binarisan,

tindhinya astha tumenggung,
tan bangkit mijil sajuga.

8. Samana sajuga ari,
Kyana Patih Surasastra,
sineba pra punggawa ndher,
pra dipati mungging ngarsa,
wuri mantri lan rangga,
Sura Tulis mungging ngayun,
Sura Eling jajarira.
9. Sarjana ngandika aris,
dhateng kalih adipatya,
yayi kalih ingsun taros,
kadya paran budinira,
prakara pra punggawa,
kang ngepung pakuwon iku,
punapa pinagut yuda.
10. Matur adipati kalih,
kalamun sembadeng karsa,
prayogi ingundurake,
ingantep linawan yuda,
tebiha sawetara,
ingkang ginem dereng tutug,
kasaru ing praptanira.
11. Sang Bagawan Jatiening,
dumarojog mungging ngarsa,
wadya gung tan ana weroh,
pengkerira Sri Gandana,
lawan sakabat tiga,
kyana patih kagyat ndulu,
miwah sagung pra dipatya.
12. Kya Patih sigra nungkemi,
ing padanira sang nata,
saha karuna ature,
dhuh Gusti Sri Naranata,
kawula tan supena,

kapanggih lawan sang mulku,
Sri Gandana angandika.

13. Lah uwis linggiha patih,
age sira ngabektia,
marang sang wiku denage,
kyana patih nulya pranata,
mangraup padanira,
aganti para tumenggung,
anulya panewu rangga.
14. Sawusira manganjali,
wangsul marang unggyanira,
Sri Gandana ngandika lon,
eh patih paran wartanya,
prakara mungsuhira,
apa metu ing prang pupuh,
iya sapungkur manira.
15. Kyana patih awot sari,
saha alon aturira,
sapengker paduka katong,
mengah datan medal ngrana,
eca denny drawina,
siyang dalu sami nayub,
nimbang dhateng kawula.
16. Sareng sampun angsal warti,
paduka ngupaya sraya,
lajeng angepang kingage,
pangepangnya temu gelang,
wadya tan kencing medal,
kapurih samya anungkul,
dhateng Gandarwa Raja.
17. Naming sagung pra bupati,
utawi mantri punggawa,
satunggil tan wonten mrejel,
pejah gesang mung paduka,
kaesthi jroning nala,

tan nedya gingsir sarambut,
ing donya prapteng delahan.

18. Sang wiku duk amiyarsi,
aturira kyana patya,
kadya ingiris galihe,
angeres wardayanira,
welas dennya tumingal,
dhateng kang kinepung wakul,
dadya runtik semu duka.
19. Dene dahat kawlas asih,
sang wiku alon ngandika,
dhateng sabat kalih reke,
Sugih Singgih tulungana,
kang ngepung undurena,
cekel lan tindhihipun,
den kena urip kewala.
20. Sandika sakabat kalih,
Sugih Singgih awot sekar,
sigra lengser sing ngarsane,
sang wiku sakalihira,
Sri Gandana ngandika,
eh patih bukanen pupuh,
sakehe ponang wiwara.
21. Lan sira dherekna mijil,
sakancanira bupatiya,
dalah mantri panewune,
prajurit para ngulama,
padha ngantepa yuda,
samengko pungkasanipun,
kya patih matur sandika.
22. Sigra lengser sing ngarsa ji,
sapraptaning pagelaran,
kya patih parentah age,
dhumateng para bupatiya,
lan sagung wadyabala,

ametonana ing pupuh,
wawasi pangiritira.

23. Sandika para bupati,
sigra ngirapaken wadya,
prajurit girang nalane,
anulya nembang tengara,
tambur bendhe wurahan,
kendhang gong beri angungkung,
binarung suraking wadya.
24. Saking pakuwon wus mijil,
sumaub kang wadyabala,
prapteng jawi pakuwone,
kocapa punggawa ditya,
kang samya ngepung kutha,
para bupati nung-anung,
pakuwon maju sakawan.
25. Ler kidul dipunbarisi,
miwah ingkang kilen wetan,
astha para dipatine,
sadaya asuka-suka,
nayub samya abeksan,
taledhekipun wil diyu,
arak badeg lan waragang.
26. Akathah wuru ditya wil,
abeksa pating galeyah,
wonten mantri wil sawiyos,
awasta Kalaculika,
lucu sugih tenaga,
sembada lan dhapuripun,
dedegnya lir genthong priya.
27. Wetengnya lir waluh kenthil,
asta kakalih kuwaga,
suku kalih semper dheyok,
grana agengnya samaja,
pundhakistan anyangkrang,

- matane kera mandhuwur,
sasolahe karya suka.
28. Wau sagung pra bupati,
raseksa kang agung suka,
anayub ngenting sukane,
kagyat miyarsa tengara,
kasaru dhatengira,
Mantri Pacalang kang tunggu,
gapuranira ing kutha.
29. Lumayu atur udani,
sarta gezerireng wadya,
kang nayub suwuk gangsane,
katunjang playuning wadya,
ditya Kalaculika,
ingidak-idak wadya gung,
sambat iki ana apa.
30. Solahe kaya wong baring,
anunjangi wong abeksa,
wau mantri pacalange,
umareking senapatya,
dumrojog mungging ngarsa,
ambekannya melar mingkus,
kagyat tyase senapatya.
31. Gupuh denira nakoni,
mantri pacalang anapa,
lah mara matura age,
gya matur ingkang tinanya,
kawula tur uninga,
mengah kitha medal pupuh,
tandangnya lir singa lodra.
32. Senapati duk miyarsi,
sakalangkung dukanira,
parentah tengara age,
para bupati rase ksa,
sumahab ngirit bala,

- arsa maguting prang pupuh,
prayitna bala manungsa.
33. Gandarwa anempuh wani,
apanggih wadya manungsa,
gya campuh kuwel yudane,
wuru riwut wadya buta,
anubruk ngemah-ngemah,
rahnya linangga ing nginum,
agiris wadya manungsa.
34. Dhadhal larut ingkang baris,
angusir wadya manungsa,
lumayu ngurgsi wurine,
kang para mantri punggawa,
wau sagung punggawa,
tutulung ngawaki magut,
tandangnya lir singa lodra.
35. Punggawa ditya udani,
mangсах tulung ing ngayuda,
atempuk samya surane,
danawa lawan manungsa,
wor kuwel yudanira,
rehning kawon ageng luhur,
manungsa kasoring yuda.
36. Angungsi dhateng sang resi,
Ki Kalanistha susumbar,
endi kang metu rupane,
ing kene angadu yasa,
rok banda talang patya,
angadu tosing babalung,
tepung pupu tameng jaja.
37. Kya patih duk amiyarsi,
sumbare Ki Kalanistha,
lir sinebit talingane,
arsa magut ing ngayuda,
resi kalih ngandika.

kya patih aywa amagut,
mengko ngong kang mapag yuda.

38. Ampingana bae mami,
kya patih matur sandika,
gya sang Resi Sugih age,
marani Ki Kalanistha,
jumeneng ngayunira,
Kalanistha meneng jetung,
gya cinandhak astanira.
39. Rinankus astane kalih,
Kalanistha datan obah,
gya ingunduraken age,
dhateng punggawa manungsa,
katawan Kalanistha,
bupati sapta andulu,
kacakupe Kalanistha.
40. Dukanya yayah sinipi,
sapta sareng mangsahira,
arsa angrebat kancane,
wawasi kalih prayitna,
amatak mantranira,
sarta musthi astranipun,
kang palu rante selaka.
41. Wau kasapta bupati,
dupi prapta ngarsanira,
sang resi anglepasake,
kang palu rante selaka,
sumebut kadya kilat,
anggubed bupati pitu,
karangkus dadya sajuga.
42. Kapitu tan bisa osik,
asurak wadya manungsa,
bupati pitu nulyage,
binastani sowang-sowang,
wau wadya raseksa,

nalikanira kapikut,
sagung kang para bupatiya.

43. Sagung wadyabala gusis,
lumayu angungsi gesang,
malebeng jro pakuwone,
Sri Cingkarabala Raja,
arsa atur uninga,
kasigeg ingkang lumayu,
larut ingkang ngepang kitha.
44. Kocapa kang menang jurit,
Para wawasi ing arga,
kalawan kya patih mangke,
wus wangsul malebeng kitha,
umarek sang pandhita,
sapraptanira ing ngayun,
manganjali ngaras pada.
45. Nulya samya tata linggih,
sang resi lon sabdanira,
padha basuki karone,
paran wartane ing jaba,
mungsuh kang ngepung kutha,
para sakakabat umatur,
angsal pangestu paduka.
46. Lampah kawula basuki,
raseksa kang ngepang kitha,
sampun mundur sadayane,
titindhihipun bupatiya,
astha sami katawan,
sumangga karsa sang wiku,
utawi Prabu Gandana.
47. Sang wiku ngandika aris,
lah Yayi Prabu Gandana,
bupati tawanan kuwe,
becik simpenen kewala,
ngantia sawetara,

- Sri Gandana lon umatur,
kawula sumanggeng karsa.
48. Kasigeg wau sang resi,
kocapa pakuwonira,
Cingkarabala sang katong,
anuju sawiji dina,
sang prabu siniwaka,
kang rayi kalih neng ngayun,
patih katri wurinira.
49. Dene sagung pra bupati,
kaliwon panewu rangga,
mungging pagelaran andher,
Sang Prabu Cingkarabala,
asru dennyangandika,
lah karone yayi prabu,
paran wartane ing njaba.
50. Kang rayi kalih wot sari,
saha alon aturira,
kawula amireng wartos,
sang Gandana nglugas raga,
kesah ngupados sraya,
dene kang bujana nginum,
amung patihnya kewala.
51. Akarya gelar wawadi.
Sri Gandana datan ana,
kesah tanpa dasih reke,
mindha pekir papariman.
sumengka ing aldaka,
aminta sraya sang wiku,
kang lagya anggentur tapa.
52. Kalangkung digdaya sakti,
pirsa sadereeng winarah,
titiga pamugarine,
Puthut Sugih wastanira,
Puthut Singgih kalihira,

Puthut Luwih katrinipun,
dene wastane sang tapa.

53. Resi sidik Iman Jati,
Sang Jatining parabira,
Ciptaening kekasihe,
Imantakit julukira,
ing mangke sampun prapta,
wonten ing pakuwonipun,
Sri Gandana ingkang mbekta.
54. Kang ngandika dereng dugi,
kasaru ing praptanira,
Kalawadul lan dumrojok,
lajeng anungkemi pada,
sarta asru karuna,
anrangkul padanya prabu,
sasambat amelas arsa.
55. Dhuh Gusti Sri Narapati,
kawula ngaturken tiwas,
nglampahi ayahan katong,
sang nata gupuh ngandika,
lah Wadulan lungguha,
matura apa mulamu,
sira alara karuna.
56. Kala Wadulan alinggih,
umatur apegat-pegat,
dhuh gusti ulun sang katong,
pun patik atur uninga,
sagung para punggawa,
kang ngepang kithaning mungsuh,
sirna saprajuritira.
57. Sajuga tan wonten kari,
anaming astha bupatiya,
tinawan datan pinaton,
kilap sapengker kawula,
dene badan kawula,

pramila gesang lumayu,
sumeja atur wuninga.

58. Dhumateng Sri Narapati,
dadya ulun nilar kanca,
gadhad raos ing batose,
upami pejah sadaya,
sinten atur uninga,
dhateng ing Gustri Sang Prabu,
dene mengsahipun yuda.
59. Resi srayan saking wukir,
sasat dewa Suralaya,
sakalangkung digdayane,
datan pasah dening braja,
sinosok ganjur watang,
towok lembing lawan pusur,
kadya nosok wawayangan.
60. Agemipun ingajurit,
sanjata rante selaka,
samangsa linepasake,
lajeng anggubed priyangga,
gawoke manah amba,
Sang Kalakarna duk ngrungu,
kalangkung bramantyanira.
61. Dukanya yayah sinipi,
netra andik angutirah,
latu-latu pranajane,
upami dipunsabeta,
merang sagedheng dadya,
dahana mubal kumelun,
saking sangeting duduka.
62. Umatur ing raka aji,
dhuh Kaka Prabu kawula,
arsa nanggulang yudane,
wasi ingkang saking arga,
ngadu sakti prawira,

lan ngadu tosing babalung,
dubilah kagila-gila.

63. Kaya wong sekti pribadi,
bandani sakeh bupatiya,
Prabu Cingkara sabdane,
iya yayi undhangena,
marang sagung punggawa,
nembanga tengara gupuh,
Sri Kalakarna sandika.
64. Prabu Kalakarna gipih,
dhawuh dhateng patih tiga,
kinen atengara age,
angrurah pakuwonira,
Sri Gandana narendra,
kya patih ngundhangi gupuh,
dhateng sagunging bupatiya.
65. Kya patih ambendhe nuli,
Ki Dhandhangelak munnya nganggang,
para bupati nulyage,
gumerah nembang tengara,
genthonge bariwuhan,
para prajurit anambur,
ndaledeg wedaling bala.
66. Wusnya kumpul pra bupati,
gya budhal bala pangarsa,
angregut para mantrine,
angiritira kya patya,
katriwah ana kuda,
ing wuri patih sang prabu,
Kalakarna nitih rata.
67. saha ingkang rayi kalih,
jajar mungging ngarsa nata,
ingkang garebeg ratane,
pangulu sakanca nara,
sagung para ngulama,

- mardikan sakancanipun,
dalam ketip modinira.
68. Wus lepas lampahing baris,
kasigeg gantya kawarna,
pakuwonira sang katong,
Sri Gandana wus miyarsa,
warta lamun sang nata,
Kalana sakadangipun,
arsa mangrurah ing kitha.
69. Wau Sri Gandana aji,
pinarak kalih sang tapa,
sabat tiga neng ngarsane,
sang wiku aris ngandika,
lah Yayi Sri Gandana,
dandana metu ing pupuh,
mungsuhi arep teka.
70. Angandika dereng dugi,
kasaru kya patih prapta,
Jayengsastra awot sinom.
umatur dhateng sang nata,
kawula tur uninga,
wonten mengsah ageng rawuh,
arsa angrabaseng kitha.
71. Sri Gandana matur aris,
dhumateng sang binagawan,
paran sang wiku karsane,
sang wiku lon sabdanira,
lah Yayi Sri Gandana,
parentaha metu pupuh,
nanggulang mungsuh kang prapta.
72. Sri Gandana dhawuh nuli,
dhateng Patih Surasastra,
eh patih nembanga age,
tengara metu ing yuda,
patih matur sandika,

gya ngambil pusaka prabu,
Ki Slamet tinimbang ngang kang.

73. Swaranya nggayuh wiyati,
tandha badhe ungguling prang,
kapyarsa sagung wadyane,
gambira sagung bupatiya,
miwah mantri punggawa,
rangga demang lan panewu,
tan nedya munduring yuda.

DURMA

1. Tri gumuruh swarane ingkang rengara,
kendang gong lawan beri,
gong maguru gongsa,
tetek kadya butula,
kang wadyabala umijil,
muntap wurahan,
swaraning turanggesthi.
2. Kyana Patih Surasastra senapatya,
pangirit pra bupati,
sagung wadyabala,
prapta jawining kutha,
lajeng samya tata baris,
prajurit ngarsa,
wuri punggawa mantri.
3. Sri Gandana tan pisah lawan sang tapa,
amanggung neng rata di,
sakabat titiga,
Sugih Singgih Luwihnya,
angampinga kanan kering,
wahana kuda,
sarta sikep jemparing.
4. Sagung wadya manungsa geng alit samya,

gambira geng tyasneki.
tan ana ngucira,
asurak wantya-wantya.
kocapa wadya raseksi,
panganjurira,
sampun samya udani.

5. Lamun wadya manungsa bariseng jaba,
sarta sampun miranti,
kendel wadya buta,
dadya sawang-sinawang,
manungsa lawan raseksi,
ngantya parentah,
dereng campuhing jurit.
6. Patih Kalasastra sru panabdanira,
pagene mandheg iki,
lakuning pangarsa,
umatur tindhilihira,
manungsa abaris,
neng jawi kitha,
malatar tanpa wilis.
7. Ulun ngantya dhawuhing senapatya,
Kalasastra miyarsi,
atur panggawa,
inggal ngasra pusaka,
bendhe Ki Dhandhanglak nami,
nulya tinembang,
tandha anempuh jurit.
8. Pra dipati sareng angabani bala,
kinen anempuh aglis,
barising manungsa,
wau bala raseksa,
surak sarta nempuh wani,
tandanging ditya,
lir bantheng tawan kanin.
9. Ngamuk rampak apanggih wadya manungsa,

rame asilih ungkih,
akuwel prangira,
buta lawan manungsa,
para mantri angawaki,
narik curiga,
tuwin para bupati.

10. Wuru riwut prangira wadya manungsa,
raseksa ngiles wani,
angrunjah angerah,
dangu dangu manungsa,
agiris samya ngoncati,
sagung punggawa,
manungsa samya ngiris.
11. Dhadhal larut sagunging mantri punggawa,
sang wiku aningali,
dahat welasira,
miyat wadya manungsa,
ingkang kaburu ing jurit,
aris ngandika,
dhumateng sabat kalih.
12. Sugih Singgih karo padha tutulunga,
marang kang kawlas asih,
kasoran ing yuda,
amungsuh Kalamurka,
si palih milua ngiring,
katri sandika,
wot sari samya pamit.
13. Wus singiden katri mangsah prapteng ngrana,
sakabat kalih aglis,
ngeningaken cipta,
amatek mantranira,
bala srewu lawan aji,
Candhabirawa,
angusap jaja kalih.
14. Tan pantara dangu nulya wonten buta,

- medal sing jaja kalih,
kumebul raseksa,
tanpa wilis kathahnya,
sami lan wadyanireki,
Prabu Cingkara,
dadya aprang ngijeji.
15. Tandhing ijen raseksi lawan raseksa,
kalangkung rame jurit,
aruket prangira,
ana kang gegelutan,
cokot-cinokot agenti,
wadya manungsa,
eca samya ningali.
16. Sarta surak gumuruh sagung manungsa,
dangu-dangu katitih,
prange buta nyata,
sirna samantrinira,
siji datan ana kari,
buta prabawa,
sirna wus padha bali.
17. Amung kari raseksa para bupatiya,
angamuk golong pipis,
sang resi prayitna,
sigra musthi warastra,
pamunahing satru sekti,
rante selaka,
astrane resi kalih.
18. Resi Sugih jemparingira anama,
Artadaya sinekti,
miber tanpa elar,
manculat tanpa cuthang,
jinamparingna ing wukir,
bentar kang arga,
sakala dadya radin.
19. Sanjatanya sang resi Singgih awasta,

Kyai Drajat sinekti,
apilih kang nongga,
luputing aji jaya,
nadyan dewa Suranadi,
katiban sirna,
wau sang resi kalih.

20. Sareng dennya anglepasaken warastra,
sagung para bupati,
raseksa wus kena,
karangkusing warastra,
siji datan ana kari,
sagung bupatiya,
nung-anung wus katitih.
21. Ingaturken dhumateng sri maha tapa,
sang wiku ngandika ris,
kinen amerongka,
ingkang para bupatiya,
wau kalanya udani,
Kalalocana,
yen sagung pra bupati.
22. Kapikuting mungsuh sang resi sing ngarga,
duka yayah sinipi,
gya magut ing yuda,
dharat amindhi gada,
sang wiku awas ningali,
alon ngandika,
dhumateng sabat kalih.
23. Sugih Singgih karone padha mundura,
dudu tandhingireki,
si Luwih tandhingnya,
ingsun kang mbotohana,
Sugih Singgih mundur nuli,
Ki Luwih sigra,
majeng musthi jemparing.
24. Ingang wasta Kiyai Punakulona,

wau Sri Narapati,
Sang Kalalocana,
arsa ngayati gada,
trangginas sang resi Luwih,
nglepaskan astra,
nulya anggubed aglis.

25. Prabu Kalalocana tan bisa obah,
binakta mundur nuli,
Prabu Kalakarna,
arsa tulung ing yuda,
Ki Puthut Luwih nglepasi,
warastra dibya,
anggubet sri bupati.
26. Kalakarna kapulet rante selaka,
niba tan bisa osik,
Sang Prabu Cingkara,
krodha mangsah ing ngrana,
trangginas Sang Resi Luwih,
nglepaskan astra,
rante putih.
27. Nulya nggubet sariranira sang nata,
niba tan bisa osik,
gya binayang janma,
binakteng ngarsanira,
sang wiku para narpati,
sang resi nabda,
dhateng narpati katri.
28. Katri raja ingsun tanya marang sira,
endi kang sira pilih,
marga rong prakara,
urip lawan antaka,
iku sira pilih endi,
yen milih lina,
samengko sunpateni.
29. Lamun milih urip sira mituruta,

apa karsa mami,
lah padha matura,
wau Sri Naradipa,
Cingkarabala turnya ris,
lamun sembada,
katri anuwun urip.

30. Sang pandhita aris denira ngandika,
eh rante dipunaglis,
katri udharana,
rante udhar priyangga,
ratu tiga angabekti,
mangaras pada,
sujud dhateng sang resi.
31. Sang pandhita dhawuh dhateng kyana patya,
ngluwari pra bupati,
wusnya linuwaran,
ingirit marang ngarsa,
para bupati ngabekti,
agantya-gantya,
dhateng sang maha resi.
32. Wusnya samya sujud kang para bupatiya,
sami sumiweng ngarsi,
nunggil lenggahira,
para bupati jalma,
sang wiku ngandika aris,
dhateng narendra,
catur klana lan jalmi.
33. Lah ta Yayi Sri Gandana lawan sira,
Yayi Cingkara aji,
katri Kalakarna,
catur Kalalocana,
lawan sabatingsun katri,
ingkang awasta,
si Sugih Singgih Luwih.
34. Kawruhana iku padha kadangira,

tumrapira neng dhiri,
de pratelanira,
kang loro kadang njaba,
kang lima kadang jroneki,
ing guwa garba,
trange mangkono Yayi.

35. Kang neng njaba loro wasiseng kang arga,
sang Resi Sugih Singgih,
kang neng jroning garba,
Resi Luwih kang tuwa,
nuli Sri Gandana aji,
nuli Cingkara, sang Kalakarna nuli.
36. Sang Sri Kalalocana kalimanira,
nanging kalanireki,
katri padha lunga,
Sugih Singgih Luwihnya,
milu amartapa mami,
purwane sangka,
kadange tan ngawruhi.
37. Ing samengko wus kumpul kasaptanira,
jalaran sangka jurit,
rebutan wanodya,
ing kang ayu utama,
aran Kasucian Dewi,
nanging samangkya,
durung mangsane krami.
38. Pacangane ing tembe sayekti ana,
manungsa ing kang luwih,
lire luwih wignya,
ngungkuli samanira,
kalantipane ing budi,
lan sucinira,
ing ati angungkuli.
39. Lan waspada ing ananing dhirinira,
sarta waspadeng nguris,

lamun tan mangkana,
durung luwih arannya,
dene Talirasa Dewi,
pacanganira,
sang Resi Sugih benjing.

40. Dewi Ciptaningsih papacanganira,
sang Resi Singgih nguni,
dene catur raja,
iku dudu jodhonya,
padha narimaa sami,
wekas manira,
den atut rukun yekti.
41. Kadang sapta aywana sulayeng karsa,
kadya kang uwis dhingin,
kadang katri lunga,
ing wuri asulaya,
nganti anemahi jurit,
toh jiwa raga,
rok bandawala pati.
42. Pakaryane kadangira kawruhana,
gunane siji-siji,
kadangira tuwa,
Ki Luwih karyanira,
ameper sakehing budi,
kang ala nistha,
si Luwih angadhangi.
43. Lamun nedya becik jinurung kayunnya,
dene kadangireki,
si Sugih utawa,
si Singgih den kareksa,
loro iku aja nganti,
amutung lunga,
tetepa anunggoni.
44. Lamun loro iku jenak milu sira,
sasedyanira dadi,

- kapindhone sira,
kajen keringan jalma,
sanak kadang wedi asih,
yen loro lunga,
pasthi sulaya budi.
45. Patih Wignyasastra kang rumekseng praja,
gemah rusaking nagri,
sangka Wignyasastra,
Wignyatulis rowangnya,
dene pikuwating nagri.
puniku sangka,
kadang katri narpati.
46. Sri Cingkarabala lawan Kalakarna,
Kalalocana katri,
upama tan ana,
katri iku prajanta,
suwung datan rame pasthi,
karatonira,
datan jumeneng yekti.
47. Nanging lamun katri tinurut kewala,
gawe rusak sayekti,
dahuru jagatnya,
wurung dadya manungsa,
luwih tan bisa marpeki,
marang sang retna,
Rum-arum Kilisuci.
48. Iku yayi padha sira kawruhana,
sartane kudu eling,
len sabar narima,
tawekal nalanira,
luwih ewuh luwih rungsit,
wong dadi raja,
kanthia iman suci.

KINANTHI

1. Lah yayi kasaptanipun,
den padha eling sireki,
tinitahken dadya jalma,
manungsa aranireki,
tegeše ingkang manungsa,
unusane titah widi.
2. Kabeh titahing Hyang Agung,
kang kasangga ing pratiwi,
kaungkulan ing akasa,
datan ana kang madhani,
ming siji bangsa manungsa,
iku kakasihing Widi.
3. Sakalir isining laut,
sarta dharatan sakalir,
iku cawisaning jalma,
wenang sakayunireki,
karya kasenanganira,
utawa arsa pinukti.
4. Tur cinadhang suwarga gung,
manungsa ingkang sajati,
tyase suci sabar nrima,
wruh marang dhirinireki,
dene ingkang ala,
sarta tan ngawruhi dhiri.
5. Alali titah Hyang Agung,
cinadhang kinarya isi,
kang aran api naraka,
winoraken lawan iblis,
dene rupaning suwarga,
ing donya dadi priyayi.
6. Anyekel karyaning ratu,
gedhe cilik apan sami,
apangkat-pangkat warganya,

tundha pitu kang suwarga dhi,
dene rupaning naraka,
kreja peksa kalung wesi.

7. Iku naraka satuhu,
wong binuwang anglakoni,
ukuman panggawe peksa,
labete denny nglakoni,
panggawe durbala murka,
alali marang Hyang Widi.
8. Iku marga tan tinunggu,
kadange si Sugih Singgih,
dadi ngumbar hawanira,
satemah kalbeng piranti,
iku padha kabudia,
sangsaranira ing dhiri.
9. Dahat denira pakewuh,
wongtinitah dadya jalmi,
lawan luwih angelira,
wong nggayuh mulyaning dhiri,
kang supaya tinunggua,
kadang ingkang tri prakawis.
10. Ananging telu puniku,
sing sapa wonge kapingin,
tinunggu telung prakara,
Sugih Singgih lawan Luwih,
tapa aneng jroning praja,
kang sarta kudu ngawruhi.
11. Margane bisa tinunggu,
darajat telung prakawis,
ingkang dhingin ngawruhana,
marang badane pribadi,
kapindho angawruhana,
ingkang karya pati urip.
12. Lair lawan batinipun.

- ingkang wenang amaringi,
marang drajat kaluhuran,
kang karya mulyaning dhiri.
kaping tri angawruhana,
marang imaming nagari.
13. Kaping pate kudu weruh,
marang panutanireki,
kaping lima ngawruhana,
margane bisa nampani.
kaping neme ngawruhana,
purwanira bisa dadi.
14. Kaping pitu kudu weruh,
marang ingkang anduweni,
ing darajat kaluhuran,
ingkang wajib amaringi,
ampilan sakehing jalma,
ana gedhe ana cilik.
15. Pasal ingkang kaping wolu,
iku kudu angawruhi,
marang ingkang dadya marga,
margane bisa nampani,
kabegjaning dhiri kita,
iku wajib den parsudi.
16. Sabab purwanira antuk,
drajat kaluhuran saking,
warahing jalma utama,
sarjana putus ing budi,
lantip sakaliring sastra,
undagi pura makawi.
17. Yaiku kang aran guru,
mulang sagunging pangerti,
supaya bangkit atampa,
darajat dhirinireki,
kadya kawawa rahira,
kang dhingin kinen nglakoni.

18. Angulah angudinipun,
ingkang burus bener becik,
liring buruskang prasaja,
aja ladak aja drengki,
aja ujud lawan rayi,
lan aja tekabur kibir.
19. Lan aja keset malincur,
aja goroh lumuh kardi,
lawan aja budi nistha,
aja wani wirang isin,
aja srakah aja murka,
aja dur juti ngapusi.
20. Aja delap aja climut,
aja anyidrani jangji,
aja karem ngumadaka,
aja mitenah ing jalmi,
aja madulake kanca,
kang ala malincur kardi.
21. Lan sing sapa arsa luhur,
kapingin tinunggu maring,
darajat telung prakara,
sugih singgih lawan luwih,
kang dhingin sira manuta,
ana ning jamanireki.
22. Kang kanggo ngawulang ratu,
ingkang dhingin jalma lantip,
bangkit sakaliring sastra,
Landa Jawa Arab Dani,
Bugis Lampung lan Madura,
Angkauda lawan Mandheling.
23. Bangkit dalah tembungipun,
marang ukara patitis,
maju wekel marang karya,
marsudi kawruh taberi,
sagung ingkang kabangkitan,

talaten lawan nastiti.

24. Dene kanthinireng laku,
sing saparsa nyekel kardi,
kasebut jalma utama,
asiha marang sesami,
tulunga wong kasusahan,
kang sepi kalawan pamrih.
25. Kapindho sapa wongipun,
duwe cipta nora becik,
marang sapadhaning jalma,
den panggah lan sabil eling,
sirnakna niat kang ala,
saru nistha den singgahi.
26. Budi osik kang rahayu,
jinurung den biyantoni,
den puguh bakuhing tekat,
jwa nganti kena katarik,
marang niat ingkang ala,
kang ngajak marang yumani.
27. Cipta budi ala iku,
pamurungira kamuktin,
kaping tri panganggepira,
marang wong liyanireki,
tepakna lan badanira,
priyangga sabarang kardi.
28. Kaping catur sapa ayun,
angala-ala mring jalmi,
naliyane amrih ala,
ananging nora sayekti,
kang mangkono adatira,
satemah ala pribadi.
29. Ping lima sapa wongipun,
gawe piluwang masangi,
amrih kajlegonging jalma,
supaya dadi bilahi,

- kang mangkono adatira,
dadya kajlegong pribadi.
30. Sabab gusti ingkang agung,
datan njurungi wong jail,
utawa ati kang ala,
iku datan denajeni,
sarta tan antuk pandunga,
marang sagung nabi wali.
31. Kaping neme barang kayun,
kang durung kalakon tuwin,
durung ana nyatanira,
tan kena ginayuh jalmi,
lawan tan kena kaweca,
mung Allah ingkang udani.
32. Pasal ingkang kaping pitu,
wong laku dursila juti,
sapadhane laku ala,
sinadyan umpetan remit,
tan ana jalma uninga,
saking nggonira andhelik.
33. Nanging wus ndilalahipun,
wong ala kudu katitik,
yen wus patang puluh dina,
lawase nggonira ndhelik,
pasthi nuli kawanguran,
kabelik alanireki.
34. Sing sapa wonge puniku,
manawa ndarbeni kapti,
samubarang kayunira,
kabobota dhirineki,
becike lan kawignyanta,
iku katimbanga dhisik.
35. Aja dupih wani matur,
sarta nora denlarangi,
sapa kang duwe aturan,

marang kang mengku nagari,
rat sabrang lan tanah Jawa,
tur durung sarjana lantip.

36. Lan durung labet karyeku,
agedhe pangarah neki,
tan nganggo duga prayoga,
kang wus labet tan pinikir,
apa margane oleha,
yeku jalma kaduk wani.
37. Kang mangkono tanpa kusur,
dadi wong tan wruh ing dhiri,
kurang panimbang ing slira,
kasusu denny kapingin,
nampani wahyu nugraha,
kang mangkono cupet budi.
38. Dhasare budi rahayu,
ora dumeh sugih miskin,
nadyan jalma miskin papa,
kalamun atine becik,
lumuh marang ala nistha,
pasthi kajen marang jalmi.
39. Nadyan sugiha barewu,
sarta oleh pangkat mantri,
ananging atine ala,
budi nistha wani ngisin,
amesthi sakehing jalma,
datan wedi tan ngajeni.
40. Poma kabudia iku,
sabarang karepireki,
sadurunge linakonon,
kapikira kang salesih,
togen duga-duganira,
pakolehna lawan dhiri.
41. Aja sokmunia nyuwun,
oleh sokur ora ya wis,

kang mangkono dadi jalma,
tanpa budi angger muni,
nora duwe duga kira,
kang sarta tan mboboti dhiri.

42. Mangkono sakaliripun,
barang karepanireki,
sadurunge linakonon,
entekna panimbang neki,
gedhe ciliking panedha,
kalawan badanireki.
43. Lamun kurang panimbangmu,
lawan pambobotmu dhiri,
upamanira manungsa,
amotangake saringgit,
wus nanagih rong reyal,
apa marganira olih.
44. Kalawan sapa wongipun,
ati budine abecik,
dhemmen gawe kabecikan,
marang sapadhaning jalmi,
sanak kadang mitra tangga,
antuk sihira Hyang Widi.
45. Wondene ingkang sinebut,
wong becik prawireng budi,
iku manungsa kang bisa,
ngenake atining jalmi.
ing sapadha-padhanira,
padha lulut wedi asih.
46. Sapa wonge ngrasa weruh,
marang lupute pribadi,
nuli anuwun ngapura,
marang ingkang mahasuci,
utawa marang manungsa,
kang karya marganing sisip.
47. Kang mangkono adatipun,

antuk ngapuraning Widi,
nadyan marang samanira,
manungsa yekti ngampuni,
marang kaluputanira,
yeku wong kang luput becik.

48. Dene yen ana wong luput,
barang tingkah muna-muni,
tan rumangsa luputira,
pangrasane bener becik,
lumuha nuwun ngapura,
marang ingkang mahasuci.
49. Wong mangkono adatipun,
ing mburi nemu bilahi,
kena walak rong prakara,
ingkang dhingin amungkiri,
marang kang mahaluwes,
kaping pindho marang jalmi.
50. Ingang den sakaken niku,
adate kang muni dalil,
katikel kaping sadasa,
wawalak kang denlakoni,
iku paukumanira,
wong gawe sakireng jalmi.
51. Ana maning dosa agung,
saupama ana jalmi,
datan weruh tan rumangsa,
dadya karyaning sudarmi,
tuwin kadang yayah rena,
angrasa urip pribadi.
52. Mungkir marang bapa babu,
wong mangkono kang pangerti,
ngalamat bakal cilaka,
ing donya tumekeng akhir,
uripe tan lumrah jalma,
ing akhir kalbeng yumani.

53. Murang sarak yayah ibu,
adegsura tanpa krami,
tan rumangsa dadya karya,
lali purwaning dumadi,
marga sangka yayah rena,
kang mangkono sasat iblis.
54. Lawan sing sapa wongipun,
yen ginanjar suker sakit,
sarta dahat kamlaratan,
sajroning lagya nglakoni,
papa iku narimaa,
satitahira Hyang Widi.
55. Ananging aja katungkul,
nggolekana jroning ati,
mbokmanawa sira dosa,
marang ingkang maha suci,
utawa marang liyanya,
sapidha-padhaning jalmi.
56. Lamun ngrasa duwe luput,
nuli tobata mring Widi,
sarta nuwuna ngapura,
mareni luputireki,
Allah mesthi angapura,
laranira gelis mari.
57. Jamaking manungsa iku,
sinajana ora sugih,
lamun marem nalanira,
utawa anyekel kardi,
kuwe rasan badanira,
kalis sakehing sesakit.
58. Tyasira narima sokur,
ing titahira Hyang Widi,
ing driya setya legawa,
karem tu'ung marang jalmi,
ingkang papa kawlas arsa,

kurang sandhang kurang bukti.

59. Andhap asor patrapipun,
marang sapadhaning jalmi,
wani angalahi basa,
kang mangkono iku mesthi,
adoh ing rarubetira,
marang ing prakara kalis.
60. Sing sapa wonge alumuh,
kasor pangucapireki,
sabarang kawinicara,
kudu angungkul-ungkuli,
lumaku ing alam wignya,
yeku jalma tuna budi.
61. Sapa wonge pari kudu,
mancené gunaning jalmi,
nelakken cacating liya,
mulas badane pribadi,
kuminter sakalir karsa,
iku patut densinghiri.
62. Umuk sumakeyan digung,
ngaku guna ngaku luwih,
wong mangkono adatira,
tan nganti lawas kabelik,
kacihna dur pangucapnya,
asor nistha wani ngisin.
63. Wong mangkono watekipun,
tan arus parek lan jalmi,
nora wurung katularan,
sugih wuwus kang tan yekti,
mangkono adating jalma,
gampang niru kang tan becik.
64. Kalawan sapa wongipun,
kumingsun ngandelken sugih,
emas picis raja brana,

lali gadhuhaning Widi,
datan langgeng ananira,
yen pinulung kang nggadhuhi.

65. Sing sapa wongira ayun,
anggulang sakehing kardi,
kang ana paedahira,
utawa anggulang maring,
kabangkitan marang sastra,
kawicaksanan undhagi.
66. Jalma kang mangkana iku,
ngungkuli marang wong sugih,
emas picis raja brana,
yeku kang sugih sayekti,
sarta langgeng sugihira,
kajen kaeringan jalmi.
67. Lawan sing sapa wongipun,
darbe anak jalu estri,
gedhe-gedhe ning kabegjan,
nira yayah renaneki,
lamun mursit anakira,
marsudi kawruh kang becik.
68. Marang bapa biyung nurut,
awedi sarta ngajeni,
bukti welas yayah rena,
angeman rusaking dhiri,
susah wirange wong tuwa,
jinaga dipun onjeni.
69. Gedhening duraka agung,
kang sinandhang yayah bibi,
anak kang dur budinira,
lumuh mring pitutur becik,
mursal wani yayah rena,
deksura anyenyampahi.
70. Wong mangkono kang panemu,
manungsa pangawak iblis.

mungkir marang sudarmanta,
tan ngrasa denitik-itik,
prasane urip priyanga,
kang mangkono keneng sarik.

71. Lawan sing sapa wongipun,
kadunungan ati budi,
isih padhaning manungsa,
kurang sandhang kurang bukti,
tinulung karena lila,
datan ngucap tan ngrasani.
72. Budi kang mangkono iku,
wawalese den ganturugi,
sih nugrahaning Hyang Suksma,
ginanjar kang luwih adi,
mangkono marmaning Suksma,
tan megatruhireng jalmi.

MEGATRUH

1. Ana maning pasal ingkang adi luhung,
sing sapa wonge ngajeni,
marang bapa biyungipun,
lan manut miturut wedi,
tresna asih lair batos.
2. Kang mangkono ginanjar kamulyan agung,
ing donya prapta ing akhir,
sasedyanira jinurung,
marang ingkang Mahasuci,
dene kang cinegah ing wong.
3. Inkang dhingin aja lanas lawan lengus,
kang ping pindho aja angling,
gawe-gawe barang wuwus,
lumaku dipunanami,
marang sapadhaning uwong.
4. Lan lumaku ginunggung ing aran punjul,

kang mangkono ora becik,
tan wurung camahing pungkur,
sabarang caturireki,
nora ginugu ing uwong.

5. Kaping telu aja taberi akumpul,
marang wong dursila juti,
sapadhane laku luput,
lawas-lawas anulari,
ora-orane ya weroh.
6. Kaping pate aja dhemen parapadu,
marang sapadhaning jalmi,
sarta nyingkirana iku,
dadi saksining prakawis,
sagung kang para padudon.
7. Tanpa pedah dadi saksining wong padu,
mundhak kasumpah nagari,
lahta apa becikipun,
nyangga sumpah tanpa asil,
angur turua ngalepos.
8. Jalma iku becik kang budi rahayu,
resik nirmalaning ati,
adoh kasangsaranipun,
mangkono adating jalmi,
tan pasah ingarah awon.
9. Sajatine kareping manungsa iku,
tan liya mung rong prakawis,
suka lan sungkawa iku,
kang sinandhang saben ari,
rinawangi datan pedhot.
10. Yen tinurut sasedyane sukeng kalbu,
samangsa tan den turuti,
nuli susah nalanipun,
mangkono adating jalmi,
iku ywa kaya mengkono.

11. Lamun sugih suka rena sarta angkuh,
alali marang Hyang Widi,
samangsa mlarat ngaruntuh,
lawan nistha wani ngisin,
kang mangkono watek awon.
12. Tan mangkono tekade jalma kang putus,
tan suka ginanjar sugih,
ginanjar mlarat tan masgul,
muhung narima ing Widi,
sumendhe karsa Hyang Manon.
13. Krana iku karya ganti lampahipun,
upama gilingan yekti,
mubeng ganti ana nduwur,
mangkono wong sugih singgih,
tan ajeg sugih kemawon.
14. Dene ingkang den arani sugih tuhu,
lan ajeg tan owah gingsir,
kaparaa wuwuh-wuwuh,
kabungahanireng ati,
wah kajej keringan mring wong.
15. Yeku ingkang sugih kabangkitan tuhu,
wignya sakaliring kardi,
sarta kasusastran putus,
purama sastra undhagi,
lantip panggahitaning wong.
16. Dene ingkang sinebut mlarate langkung,
tan duwe bungah menir,
yeku wong kang bodho jugul,
tan bangkit sakalir kardi,
marang kasusastran lempoh.
17. Sastra Landa Jawa Arab nora pecus,
kang sarta cupeting budi,
kang mangkono pasthi lamun.
datan bisa nyekel kardi,
pantese mung dadi jongos.

18. Marma sagung para kadang mitraningsun,
kang padha ndarbeni siwi,
nadyan lanang wadon iku,
yen wus umur wolung warsi,
nuli sakolahna gupoh.
19. Pasrahena marang pyayi mantri guru,
kang mulang kawruh sakalir,
kapigunaning donyeku,
ngulah sastra ngulah pikir,
sapadhane kang pangawroh.
20. Kang minangka kinarya paitanipun,
angulati sandhang bukti,
panggota sakaliripun,
utawa ngawuleng ngaji,
kudu ingkang sarwa enjoh
21. Lan sing sapa wonge nyekel karyeng ratu,
nadyan karya gedhe cilik,
pikiren sadurungipun,
kalakon anyekel kardi,
ywa nganti kurang pangertos.
22. Lan sing sapa wonge arsa weweh iku,
marang sapadhaning jalmi,
iklasna sajroning kalbu,
sadurunge weh sireki,
iklasena lair batos.
23. Liring lila kadya mbuwang sukre uyuh,
aja ngucap angrasani,
sabarang kang uwis mulung,
lamun durung iklas yekti,
aja weweh marang uwong.
24. Lamun ana wong weweh nganggo cinatur,
iku tanpa pedah yekti,
pama barang tibeng laut,
sirna tan katrima maring.

dariyahira ing batos.

25. Lawan sapa wonge taberi anyatur,
marang alane ing jalmi,
sarta gunem luputipun,
iku tandha jalma jail,
ala wateke ponang wong.
26. Wong mangkono tan arus parek wong agung,
nora wurung aniwasi,
gawe saranging praja gung,
iku wong pangawak iblis,
tan patut tunggal lan uwong.
27. Marma lamun kapracaya marang ratu,
sabarang karya kang titi,
aja banjur nggugu, tutur,
utawa barang prakawis,
kang salesih denya takon.
28. Barang nalar kabudiya wurinipun,
lan sapa wonge asengit,
marang sawiyah wongipun,
aja klair nyeri-nyeri,
mbok kaweleh dadi ewoh.
29. Ewohipun yen sinung weleh Hyang Agung,
sira neng ngisorireki,
kaparentah lan kawengku,
iba nggonmu wirang isin,
amiyat samaning uwong.
30. Jalma iku kena ning bilahi agung,
marga sangka banget neki,
sulayane panganipun,
sarta karepanireki,
sanyatanira mangkono.
31. Upamane wong duwe gaji rong puluh,
tampanira saben sasi,
wusana panganireku,

- patang puluh saben sasi,
bilahi agolek tombok.
32. Lan karepe uwis simpen dhuwit satus,
sarta akeh barang neki,
suprandene kerepipun,
nyengka kudu nggolek maning,
simpena maneh rong mono.
33. Numbuk bentus denny nggolek wuwuhipun,
satemah dadi bilahi,
wus mangkono adatipun,
marmane den salokani,
jalma mati murkakono.
34. Nanging jalma tyasnya tan kena kabestu,
tan kena den parentahi,
lamun dudu kayunipun,
datan kena kinon sebit,
nadyan dhemen ya mengkono.
35. Lan sing sapa wonge sugih wuwus umuk,
ambek sumakeyan edir,
ngluhuraken dhirinipun,
sarwa weruh sarwa bangkit,
ngungkuli padhaning uwong.
36. Batinira lumaku ing ngaran punjul,
kang sarta ing ngaran luwih,
supaya wong eram nggugung,
wong mangkono adat neki,
arus jinabaken uwong.
37. Krana wong kang mangkono klakuwanipun,
ing batin bebodho jalmi,
wong kang wus weruh gumuyu,
sarta malengos ngewani,
mangkono alaning uwong.
38. Pasaling wong mimitran upamanipun,
kadi wawayangan yekti,

- ing srengenge ananipun,
yen surya datan kaeksi,
wayangan pasthi tan katon.
39. Tegesipun beciking mitra puniku,
mung sipat katoning ngarsi,
samangsa wus ora weruh,
tan kelingan mitra neki,
tan kadi kadang sayektos.
40. Pasal barang kang tinitahken Hyang Agung,
gumelar isining bumi,
kinarya kabegjanipun,
manungsa kang bener becik,
tan kadi kadang sayektos.
41. Lan kinarya kasenengan malihipun,
karya kanikmataneke,
kang tinitah manungseku,
wajib den reksa kang becik,
sagung kang sarwa tumuwoh.
42. Lan sing sapa kang budi rahayu,
suci lawan bener becik,
nuli kadhawahan wahyu,
kaparingan sugih singgih,
sokura maring Hyang Manon.
43. Wuwuhana kautamaning budhimu,
sarta wuwuha marsudi,
marang kapigunan luhung,
lan den andhap asor maring,
sasamanireng tumuwoh.
44. Kang supaya wuwuh tresna resepipun,
den kadya andulu sari,
ingkanggo amrik arum,
tan ana kembanganireki,
sainggo tumekeng layon.
45. Dene ingkang katon gumelar puniku,

- ingkang rupa emas picis,
raja brana sadayeku,
dudu kasugihan jati,
lan tan gawe wedining wong.
46. Donya arta sok agawe susah tuhu,
kasugihan kang sajati,
kabijaksananing kalbu,
awasis sakalir kardi,
waskitha marang pakewoh.
47. Pasal sunu sapira prihatinipun,
pamikiring yayah bibi,
nggonira murih rahayu,
lestaria dadi kanthi,
awit nyidham prapteng mbobot.
48. Sabanjure tekaning diwasanipun,
sapira susahireki,
pamikire bapa biyung,
anak padha den pakeling,
bapa biyung Allah katon.
49. Anak iku wajibe padha miturut,
sarta wedi angajeni,
marang bapa lawan babu,
sarta kanthi welas asih,
marang yayah rena karo.
50. Pira bara ngrasa kapotangan agung,
marang yayah rena neki,
nuli duwe ciptaa nyaur,
marang sudarmanta kalih,
yen duwe cipta mangkono.
51. Lamun temen-temen panuwunireku,
marang ingkang gawe urip,
amesthi jumurung,
nuruti panuwuneki,
lamun temen nora linyok.

52. Lamun ana anak pugal tan miturut,
marang yayah rena neki,
marang pitutur rahayu,
adate datan basuki,
tan jamak samanireng wong.
53. Alanira lantaran sing bapa biyung,
ing batin saking Hyang Widi,
marmana wajib tinurut,
pituturing yayah bibi,
aywa pugal aywa wangkot.
54. Lamun nora welas marang bapa biyung,
lan nora wedi ngajeni,
kang mangkono adatipun,
anenga ing ngendi-endi,
kena wawalak kang abot.
55. Budi kautaman iku karya luhur,
budi nistha karya nisthip,
sarta saya asoripun,
ing badan kasebut jalmi,
ala budinira asor.
56. Sapa wonge welasan sarta atulung,
marang sapadhaning jalmi,
ing kang papa kawlas ayun,
kurang sandhang kurang bukti,
oleh nugrahaning Manon.
57. Nadya nora nampani badanireku,
anak putunira wuri,
amesthi nampani tuhu,
wawalesira Hyang Widi,
katikel sihnya Hyang Manon.
58. Sapa wonge mursit ati budinipun,
panggawe dur den singgahi,
marsudi kawruh rahayu,
apethel sarta taberi,
ngupaya undhaking kawroh.

59. Inkgang samya maedahi dhirinipun,
anai'k kabegjan tuwin,
drajat kaluhuran agung,
nanging sakaliring kardi,
ywa tinggal pangatos-atos.
60. Rehning jalma sajatine datan weruh,
sabarang kang durung klair,
marmane manungsa iku,
wajib pracayaa maring,
kang nitah sagung tumuwoh.
61. Lan manungsa aja ngresula ing kalbu,
satitahira Hyang Widi,
krana ing sadurungipun,
dadi manungsa kalair,
wus pinasthi ing Hyang Manon.
62. Begja lawan cilakane manungseku,
asor luhur sugih miskin,
pinasthi sadurungipun,
ananging manungsa wajib,
padha istiyar ngupados.
63. Kabangkitan marganira antuk wahyu,
wahyu sugih lawan singgih,
kinawulakna ing ratu,
kabudiyaa marganeki,
kang temen denira nggayoh.
64. Yeku sapa wonge temen tyas rahayu,
sarta wignya barang kardi,
marang kasusastran putus,
budi klakuwane becik,
sumingkir sakehing ngawon.
65. Kang mengkono yekti rinekseng Hyang Agung,
antuk ganjaran kang luwih,
mangkono caritanipun,
para sarjana kang luwih,
lir mas tumimbul mangkono.

MASKUMAMBANG

1. Sajatine sagung manungsa puniki,
begja lan cilaka,
tan saking liyaning jalmi,
saking badane priyanga.
2. Lan sing sapa wonge karem cidreng jangji,
linyok wuwusira,
marang sapadhaning jalmi,
yen kuda tan kanggo karya.
3. Wong kang temen sabarang caturireki,
dora datan arsa,
prasaja caturireki,
yeku jalma kang utama.
4. Sarta wasis marang sakalir sastrengki,
wignya ing ukara,
ambeg sarjana undhagi,
yeku dandananing praja.
5. Yeku pantes kapracaya amengkoni,
sapadhaning jalma,
sarta ngampil kukum adil,
ajeg padilanira.
6. Lamun jalma keneng sangsara sathithik,
dahat prihatinnya,
ing batine sokur ing Widi,
narima lair batinnya.
7. Kang mangkono adat dadi marganeke,
kalis sakalirnya,
bilahinira ing dhiri,
rineksa maring Hyang Suksma.
8. Lamun jalma keneng bilahi sathithik,
arda nalanira,
dahat dennyanya muring-muring,
tyasira dhatan narima.

9. Kang mangkono wong tuna bet kowar-kawir,
wus kelangan barang,
wah keneng durakayyeki,
labete panepsunira.
10. Lan sing sapa wonge ingkang andarbeni,
tyas panganggep ala,
marang sapadhaning jalmi,
pasthi nemu wales ala.
11. Sagung jalma nganggep ala mring sireki,
Yen panganggepira,
marang sagung jalma becik,
pasthi males becik uga.
12. Ya sing sapa wonge ingkang bener becik,
ati budinira,
mursid pracaya ing Widhi,
kang sarta pethel ing karya.
13. Kang mangkono pasthi nora sepi-sepi,
pasihaning suksma,
kang dhumawuhing sireki,
badanira kajen keringaning jalma.
14. Sapa wonge kang becik mung lamis lathi,
tyasnya tan raharja,
datan rukun datan becik,
ing batin datan prasaja.
15. Lan sing sapa wonge tan wruh wirang isin,
nistha budinira,
nguthuh mbalubud tyas neki,
sirna kamanungsanira.
16. Wong mangkono amesthi kaduwung wuri,
yen wus kasangsara,
nalangsa nandhang prihatin,
keneng babenduning Suksma.
17. Ati budhi kang resik upamaneki,
soroting kumala,

sartane amakolehi,
darajatireng sarira.

18. Lamun ana wong sengit marang sireki,
nanging pangucapnya,
marang sira luwih manis,
iku sira den prayitna.
19. Ana waler marang anak putu wuri,
priya lan wanita,
angedohna laku budhi,
ala saru lawan nistha.
20. Krana iku panulaking drajat becik,
liring becik sedya,
nggayuh wahyu tri prakawis,
sugih singgih luwih tri nya.
21. Anganggowa laku budhi bener becik,
sarta kautaman,
aywa pegat amarsudi,
marang sagung kapigunan
22. Yeku dadya margane bisa nampani,
drajat tri prakara,
salah siji anampani,
pirabara katrinira.
23. Ati budhi bener becik kudu kanthi,
wignya sagung sastra.
kang kanggo Nedherlan Indhi,
anamaning kanthinira.
24. Ingkang dhingin mantep pasuwitaneki,
kaping pindho aja,
akeset lumuh ing kardi,
kanthi ingkang kaping tiga.
25. Lawan aja sembrana sabarang kardi,
lan aja gumampang,
iku sandhungane kardi,
bilahi ingkang pinanggya.

26. Lamun sira jinurung bisa nampeni,
kang wahyu nugraha,
gedhe cilik apan sami,
anyinggahana kang ala.
27. Lair batin aja sira anduweni,
ati kumawawa,
sarta sumakeyan edir,
agumisa angina sapanidhanira.
28. Ing manungsa nadyan cilik sarta miskin,
kaping pate aja,
angendhak gunaning jalmi,
ing kang kaping lima aja.
29. Anduweni ati jail lan darengki,
marang kancanira,
ing kang padha nyekel kardi,
amurih alaning kanca.
30. Sapa wonge kang duwe ati darengki,
jail pra wadulan,
lumaku kanggo pribadi,
kang mangkono watekira.
31. Den sengiti marang kancanira sami,
kasatru ing kanca,
lurahira aniteni,
temah tan kanggo ngawula.
32. Barang gawe sinadyana ala becik,
yen wus linakonon,
nora kena den baleni,
mung kari nandhang kewala.
33. Pathokane ati budi tri prakawis,
ing kang dhingin nistha,
madya ing kang kaping kalih,
kaping tri budi utama.
34. Katri iku ora dupeh gedhe cilik,
lan sugih miskinina,

ana ingkang gedhe sugih,
ananging kasebut nistha.

35. Ana ingkang pangkat cilik sarta miskin,
kasebut sujalma,
utama saweneh jalmi,
sinebut madya kewala.
36. Sapa wonge kang arsa sinebu' jalmi,
becik budinira,
iku aja anglakoni,
kadi ing ngisor iki ta.
37. Siji aja nglakoni panggawe juti,
sapepadhanira,
panggawe ala sakalir,
kang aran ala lan nistha.
38. Kang cinegah kalawan ingkang sinirik,
parentah nagara,
utawa kang den larangi,
kabeh den eling-eling.
39. Sarta aja alumuh sabarang kardi,
angepluk sungkanan,
malincur datan marsudi,
marang sakalir kawignyan.
40. Wong mangkono kainan uripireki,
baya ora wikan,
marang uripe pribadi,
siya-siya dhirinira.
41. Krana wong kang luwih ina urip neki,
sarta luwih papa,
luwih nisthanireng jalmi,
ananing jaman samangkya.
42. Lamun jalma jugul datan wruh ing tulis,
cupet budinira,
tanpa akal kawruh sepi,
sangka apa marganira.

43. Sandhang pangan kang sakira anyukupi,
wong tanpa pusaka,
tanpa arta tanpa bumi,
iku ywa nganti mangkana.
44. Lah ta yayi wis entek pitutur mami,
patraping ngagesang,
kang kasebut ala becik,
kang narik begja cilaka.
45. Ala becika budia rina wengi,
poma den prayitna,
rumeksanta marang dhiri,
aja lali aja lena.
46. Lamun lena lali marang ala becik,
marganireng papa,
sangsara lan marganeki,
antuk wahyu lan nugraha.
47. Marganira lali sangka anuruti,
marang hawanira,
jinurung tan den sabili,
anempuh dadya duraka.
48. Iku aja nuruti hawanireki.
hawa ingkang ala,
kapindhone wekas mami,
marang kadang-kadang sapta.
49. Lestarekna atut rukun aja bengkrik,
marang kadangira sapta,
aja benceng pikir,
rukuna tumekeng lima.
50. Ingsun arsa pulih bali tapeng wukir,
kang panca manjinga,
marang guwa garba maning,
kang loro rumekseng jaba.
51. Lamun sira arsa panggih lawan mami,
angingna cipta,

lan mendenga tingal siji,
aywa kawoworan sedya.

52. Angesthiya tingal siji marang mami,
ingsun nuli prapta,
aneng ngarsanira yayi,
ananging wekas manira.
53. Yayi Kalacingkara Kalakarneki,
tri Kalalocana,
aja kaya ingkang uwis,
den rukun kadang kasapta.
54. Pasthi rasa lamun sabiyantu pikir,
kalamun sulaya,
agesehi salah siji,
pasthi padha rusakira.
55. Kang pinadu kabeh padha tan ndarbeni,
kang oleh wong liya,
mangkono adatireki,
wong geseh lan kadangira.
56. Sawusira telas wulangnyang sang resi,
murca saking ngarsa,
tan wrin parane sang resi,
kasapta kantun anggana.

Inggang kasebut ing serat punika, sadaya inggang kalebet ing tembung kawi, mawi dipunjarwani, kados ing ngandhap punika, naming inggang sami ungelipun, inggih sami tegesipun:

pamedharing	– nglairaken, angudhar.
wasitaning ati	– grahiraning manah inggang sae kadamel piwulang.
cumanthaka	– sumaged.
anelat kang wignya	– aniru inggang saget.
amudha punggung jatine	– sajatosipun bodho.
saking drengireng kayun	– saking kencenging manah.
angrumpaka	– anganggit.
sinawung gendhing	– mawi tembang.
kang ingapus	– inggang dipunanggit.
warna catur wanda	– warna kawan prakawis.
dunungira	– panggenanipun.
jro garba	– lebeting guwa garba.
catur sami brawala	– sakawan sami paben.
catur wanda jawi	– sakawan jawi.
tirta	– toya.
sastra	– sewu.
mancawarni	– sanes warni.
bektine	– ngaturaken bulu bekti.
jujuluk	– awasta.
pramusisa	– jagat.
prajanireki	– nagarinipun.
rajadhi	– nagari.
pramudita	– bumi alam.
tanpa tepi	– mboten kantenan pinggiripun.
panjang	– dawa.
punjung	– dhuwur.
pasir	– wedhi.
wukir	– gunung.
loh jinawi	– sarwa ana.
bukti	– pangan.
karyane	– gawene.
woworsambu	– tatunggilan, linta-lintu.
aji	– ratu.

jajulukira	– namanipun.
ngayun	– ngajeng.
prabangkara	– srengenge.
sasatdhara	– rembulan.
ambeg darmawangsa	– budi rahayu.
wadu	– bala, kawula.
jalu	– lanang.
candra	– wulan, rumpaka.
katrinira	– tiga pisan.
itaragana	– lintang.
catur	– papat.
prabancana	– barat.
guna sakti	– pinter alus.
agal alus wignya	– kasar lembut saged.
dananira	– paringipun.
tansah	– mboten pedhot.
mring umat sadarum	– dhateng sadaya manungsa.
sinilir.	– kanginan.
latri	– dalu.
panca	– gangsal.
sindugangga	– banyu.
gul-agul	– andel-andel.
mahistara	– bumi.
marcapada	– ngalam dunya.
pancakara	– kakerengan.
cakrawala	– langit.
widik-widik	– awang-awang.
bomantara	– ngawang-awang.
imantara	– mega.
wresthi	– jawah.
pracalika	– gelap.
guragandha	– galudhak.
bahnindra	– baledhek.
katriraja	– tiga ratu.
papara	– ameng-ameng.
biralaya	– sagara.
kawiyatipun	– paedahipun.

narmada	— kali.
pangarsi	— pangarep.
kamangsa	— kapangan.
endragiri	— gunung.
kirang welahan	— alas.
wanodya	— estri.
pambayun	— pambajeng.
pamulune	— warnane.
wanita	— pawestri.
wilis	— ijo, etang.
muyuhdenta	— nyengkir gadhing.
denta	— gadhing.
midhangan	— pundhak.
imbanira	— alise.
pangarasan	— pipi.
lengleg liwung	— susah, bingung.
aneracak	— sami agenge.
ujwalane mancur	— yahyane gumebyur.
parekanya	— para nyaine.
cethi	— para nyai.
sajuga	— siji.
nirmala	— tanpa rareget.
nirmala resmi	— tanpa sahuwat.
waranggana	— widadari.
mandra kusuma	— patamanan.
martyaloka	— suwarga, kaendran.
purantara	— kadhaton.
krami	— laki.
sasra	— sewu.
datan ayun	— mboten ajeng.
merang	— kisinin.
nandhang kung wuyung	— kasmaran.
brangta	— kedanan, kasusahan.
pramusisa	— jagat.
angimuring siwi	— ngarih-arih ing putra.
tan lenggana	— mboten lumuh.
amba	— kula.

jatining estri	– tegesing estri.
jatining priya	– tegesing jaler.
kaping catur	– kaping sakawan.
sigra jengkar	– lajeng ngadhaton.
tinangkil	– siniwaka.
sunu	– anak.
suale	– pitakone.
raja mudha	– prabu anom.
ngindra buwana	– kadhatonipun Bathara Endra.
pra apsari	– para widadari.
kayune	– karepe.
juga datan	– satunggil mboten.
pruhita	– angguguru.
kabirjati jujuluke	– jaman ageng wasthanipun.
garba sumandha	– salebeting guwa garba.
samodra	– saganten.
prawata gung	– redi ageng.
kinawi	– inganggit.
kuncara ing jana	– kasuwur ing tiyang.
sri gandana	– panggada, grana.
katri punggawa ngayun	– tiga punggawa ngajeng.
sastra wardaya	– manah karem marsudi kasusastran.
duwi, dwi	– kalih.
kokawalita	– manah karem marsudi nyerat sae.
praya darma	– manah padhang suci lepasing budi.
sura waskitha	– putusing manah.
undhagi	– langkung saget.
driya	– manah.
de kang para	– dene ingkang para.
hastha	– wolu
kalbu	– salebeting manah.
sabdanira	– wicantenipun.
katrinya	– katiganipun.
praya	– manah.
padudon	– paben.
catur	– sakawan, sanjang.
ampuni	– dipun ngapunten.
panca	– gangsal.

satnya	– nemipun.
setya tuhu	– temen, mantep.
dahat	– sabet.
linyok	– dora, goroh.
dur culika	– awon, dursila.
sapta	– pitu.
respati	– pantes.
soma	– senen.
ngayun	– ngajeng.
pramudita	– jagad.
ulun miyarsi	– kawula mireng.
gawat	– pakewet.
lampus	– mati, pejah.
purwanira	– wiwitanipun.
aywana	– sampun wonten.
nekawarna	– warni-warni
sarwa seta	– sarwa pethak.
bajo surban	– rasukan, surban.
pingul	– pethak.
wahana	– tumpakan.
andaka	– bantheng.
tunggulira	– banderanipun.
mawi ciri	– mawi tandha, tenger.
kapi seta	– kethek pethak.
liman seta	– gajah pethak.
supenuh	– kebak sanget.
gambira	– ringas, bingah, galak.
cindhe wilis	– cindhe ijem.
dhampar denta	– dhampar gadhing.
wot sari	– nyembah.
parangmuka	– mengsah.
warsa	– taun, jawah.
gandarwa	– danawa, brakasakan.
kalacingkara	– pasanganing pangucap, tutuk.
werda	– sepuh.
langking	– cemeng.
karya	– damel.

kalakarna	– pasanganing pamireng, talingan.
abusana	– angagem.
sarwa jingga	– sarwa abrit.
saha wadyabalanira	– dalah balanipun.
kadya Hyang Brama kaeksi	– kados Bathara Brama katingal.
kalalocana	– pasanganing paningal, mripat.
kardi	– damel.
jenar	– kuning.
julig	– saged.
ngayun	– ngajeng.
katri	– katiga.
dahat	– sabet.
tri pangulu	– tiga pangulu.
samodra	– sagara.
pribadi	– piyambak.
sandi upaya	– panamur, panamar.
sing kayunnya pribadi	– saking kajengipun piyambak.
kadang priya	– sadherek jaler.
catur kadang	– sadherek sakawan.
hastanira	– wolunipun.
angling	– wicanten.
prawireng	– prawira.
arya digung	– gumedhe.
undhagi	– langkung saget.
ngumadaka	– doracara.
ngubaya	– sagah, sumados.
siti bentar	– siti hinggil.
samadyaning	– tengahipun.
bangsang mangun tur tangkil	– namaning griya.
locana	– tingal, mata.
sumewa	– sowan.
runtik	– duka, nepsu.
awotsari	– nyembah.
patma sana denta	– dhampar gadhing.
pancaniti	– pasowan.
sungkawa	– susah.
eneng	– kangen.

wijil	– metu.
wiwara	– kori.
prabayasa agung	– dalem kadhaton, daleming ratu.
wisma	– griya.
praja	– nagari.
purwacarita	– wiwite kinandha.
tinangkil	– sineba.
sujana	– linangkung.
prabancana	– angin.
diyu	– danawa.
basuki	– wilujeng.
mentar	– kesah.
tiwikrama	– mundhak, wimbuh.
wreksa	– kajeng, wit-witan.
dahat	– sanget.
pakuwon	– pasanggrahan.
maruta	– angin.
wangwang	– nunten
rananggana	– paprangan.
kinen	– dipunken.
tan kawarna	– mboten kacariyos.
ngabyantara	– ngajengan.
sigeg	– kendel.
karyapura	– damel kadhaton.
bacingah	– warsi-warsi.
ari	– adhi, dina.
siwaka	– sowan.
nawa retna	– inten.
suranadi	– suralaya.
sumewa	– sowan.
ngabyantara	– ngarsanipun.
miyarsa	– mireng.
mami	– aku.
tyasnya	– manahipun.
ngestu	– anut, miturut.
paduka	– panjenengan sampeyan.
aris	– alon.

ngemasi	– pejah.
prasetya	– katemenan.
kukila	– peksi.
cingak	– kaget.
nangkil	– sowan.
panapanira aris	– patakonipun sareh.
pinangkanta	– pinangkamu.
baya	– apa.
gati	– perlu
nabda	-- wicanten.
satekanta ngarsaningwang	– satekamu ngarepku.
ingsun manila krami	– aku takon.
ngendi pinangkanta	– ngendi pinangkamu.
apa karyanira	– apa gawemu.
baya gati ing kardi	– apa perlu gawemu.
de prajaningwang	– dene negaraku.
garba suci	– jroning guwa garba.
kadangta catur	– sadulurmu papat.
ki werda priyangga	– kang tuwa dhewe.
prabancana	– angin.
analaji	– gni.
arjuna	– banyu.
mahitala	– bumi.
lingganira	– awakmu, adegmu.
nuhun aksami	– nuwun ngapunten.
siniweng apsari	– den parak widadari.
dumadi	-- tumuwuh.
sukeng tyas	– bingahing manah
tan keksi	– mboten katingal.
malbeng kenycopuri	-- malebet kedhaton.
reksasa gung-agung	– buta gedhe-gedhe.
karoban	-- kabanjiran.
sura	– wani, kawasa, prajurit.
kalindhih	– kasaran.
dwi dewi	– kalih putri.
saur kukila	– saur peksi.
ayuda brata	– angulah aprang.


apetak ciya-ciya	– anjeleh sumbar-sumbar.
gya mentar	– nunten kesah.
respati	– pantesing warni, Kemis.
tarwiyah	– ara-ara jembar.
asru	– wicanten seru.
pura, puri	– kadhaton.
murbeng dhiri	– ingkang damel gesang.
kasaput latri	– kadalon.
abujana	– kasukan pista.
karya sukaning punang	
	wong – damel sukaning wadyabala.
katong	– ratu.
jugul	– bodho.
wignya	– saged.
ingong	– aku.
ngrana	– payudan.
barung	– barengi
krenge	– kapireng.
yayah sinipi	– sangeting duka kados kaobong.
miyat	– ningali.
lena	– mati.
sidik	– bener.
ngrencana	– anggodha.
priyangga	– piyambak.
linggar priyangga	– kesah piyambak.
tan gawa dasih	– ora gawa batur.
aywa	– aja
ing pupuh	– aperang.
mentar	– kesah, mangkat.
bujana	– pista kasukan.
sungkawa	– susah.
kadya datan sungkawa	– kados mboten susah.
madyaning wana	– tengahing alas.
sato	– kewan.
tarebis	– jurang.
padhepokan	– pratapan.
sang wiku	– sang pandhita.

wus lepas	– sampun tebih.
sungkawa	– susah.
tan bangkit	– mboten saget.
mijil	– medal.
sajuga ari	– satunggil dinten.
pardanira	– sukunipun.
sang mulku	– sang nata.
manganjali	– nyembah.
unggyanira	– enggenipun.
jroning nala	– salebeting manah.
runtik	– lara atine.
kewala	– kimawon.
wiwara	– lawang.
girang nalane	– bingah manahipun.
nung-anung	– andel-andel.
hasta	– wolu
genthong priya	– padasan.
kagyat	– kaget.
gapura	– lawang gedhe.
tur udani	– atur wuninga.
suwuk gangsane	– kendel gamelanipun.
ngenting	– nelas.
kagyat miyarsa	– kaget amireng.
baring	– edan.
singalodra	– macan galak.
angucir	– wedi, kanji.
samya surane	– padha wanine.
ngayunira	– ngajengip un.
katawan	– kaboyong.
kacakupe	– kacekele.
musthi astranipun	– nyepeng jemparingipun.
nglepasake	– nguculake.
dadya sajuga	– dadi siji.
binastani	– dibandani.
sowang-sowang	– dhewe-dhewe.
kapikut	– kacekel.
ingayun	– ing ngarep.
basuki	– wilujeng.
sumanggeng	– sumangga.

parbata	– redi.
margi serung	– ajulek lebet.
babaya	– mutawatosi.
kalangkung pelak	– langkung sae.
tumaruna	– anyedheng.
tiris gadhing	– klapa gadhing.
panekungan	– pamujan.
pekir miskin	– santri pariman.
darwis	– santri.
sudra	– tiyang alit.
ngenu	– margi.
ngaldaka	– gunung.
nabda	– ngandika.
kalbu	– ing batos.
wardaya	– ing manah gumun.
mandeng liring	– pandangan tingal.
sumengka ing ngaldaka	– amungguh ing gunung.
kawlas ayun	– kawelas asih.
sumanggeng kapti	– sumangga ing karsa.
sakapti amba	– sakajeng kula.
ywa mangkana	– aja mangkono.
pun patik	– kawula
sarone	– sarat.
pun patik	– kawula.
aksami	– ngapunten.
ulun	– kawula.
sumengka	– minggah.
ing ngantaka	– ing redi.
umarek	– sowan.
sang yogi	– pandhita.
dahat	– asanget.
merang amba	– isin kawula.
ambek dur	– budi awon.
nalanta	– atimu.
racutan	– ilangna, buwangen.
brangtanireku	– susahing atimu.
kadriya	– kapikir.
dahat	– sanget.
kawlas arsa	– kawelas asih.


nglugas raga
kewala
karya gelar
wewadi
pamugarine
gupuh
mulamu
sajuga
hasta bupatia
tinawan
datan
kilap
braja
ganjurwatang
priyanga
bramantya
latu-latu
presajane
mangrurah
wahana
sikep
ngantya

-- mbucal busana.
-- kimawon.
-- damel reka.
-- simpenan, remit.
-- andel-andele.
-- inggal.
-- sababe.
-- satunggil.
-- wolu bupati.
-- kaboyong.
-- mboten.
-- embuh, duka sampeyan.
-- gaman.
-- tumbak.
-- piyambak.
-- nepsu, duka.
-- kados latu.
-- dhadhane.
-- angrisak.
-- nunggang jaran.
-- gaman.
-- nganti.



SRI GANDANA

R. P. Soerjowid.
Sufitjo HS
Hardjiana HP

 PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan
Jenderal Ke

899.2
SOE
S

